

Ongka 2 Setu Paing kaping 18 Jumadilakir Je, 1822, utawi kaping 7 Januari 1893

Surakarta

Kala malem Akat ingkang kapengker punika, kula dhumateng ing Ngadikusuman sowan bandara raden mas Panji Adiatmaja, kaparingan serat panembrama kados ingngandhap punika, sarehning saking pamanah kula sae mila kula saosaken wonten ing ngabyantaranipun kiyai Bramartani

Kanthi entyarsaning kalbu, sarta lawan pudyastuti, pun Panji Adiatmaja, upsiring Wira Infantri, wrat balasuratetana, konjuk risang narpasiwi.

Kang ambeksanta budyayu, asih ing dasih kaswasih, jeng pangran adikusuma, wong ngagung santoseng budi, yekti adining kusuma, sumanak nirkanang dhiri.

Ulun dahat kamipurun nglairken sotaning ngati, wit amba antuk wilasanira kanjeng sributi, tnyan sing barkah paduka, marma tan limut salami.

Patedhan dalem sang prabu, condhong lan sang prameswari, jugawaita minangka, wiwitan pangrembeswami, dahat ing panuwun namba, lulusa sih ing narpati.

Malah winaantu eng lungguh, kanugrahan kang nartani, marma pamindining nala, sanitya satur pupuji, dirganing yuswa narendra, meningi prawayah aji

Kang mijil sing narpasunu, jeng gusti pangran dipati, anom amengkunagara, pamiwaha ning ngakrami, kaping sadsa kewala, karantabana kananggsih.

Sigeging pudyamartayu, mangke atur ngomring tami, prasaatriya kadang warga, kang sredha rawuh ingnriki, asanget panuwun kula, unggyan paduka ngresebi.

Pasamuwan dahat samun teka sami semu manis tondha sarjning tyas arja, mongga ah kula aturi, angunjuk konyak sagel; as telastelasan lo sami

O koncaniyata suwuk titi akat legi kaping, rowelas wimbaning condra, jumadilakir Je warsi, s ami suka madyeng dhadha, adiatmaja apanji

Kintunan

Wiwit kala panen wedalipun rendengan ingkang kapengker, dumugi ing masa jawah punika, reginipun uwos kagolong tansah ajeg mirah, langkung malih ing dhusun dhusun kacariyos reginipun wos pajeng kala panen rendhengan wau tinimbang ing sapunika, ingkang mangkaten wau tumrapipun para kawula alit kalebet nandadosaken kemayaran namung manawi para among dagang pantun tuwin wos radi kira cceg awit boten cuban kaliyan anggenipun kilak malah ewoning nandhang pituna, setun ingkang tandho pantun sanadyan salebeting taun punika kelajeng mirah wos badhe boten sumelang manawi buthuk pantunipun amargi pantun punika manawipangrimatipun sae kuwawi katandho ing dalem tigang taun wangsul para tandho wos punika ingkang tansah melang-melang, awit manawi katandho dadou wos wau lajeng thetheren reginipun boten trimah suda sapalih, mila pratak\tikelipun para juragan wos anggenipun nyuda wos ingkang thetheren wau kamoraken ingkang taksihsae, saestunipun inggih boten patos ketawis menggah para kawula sadaya kemawon anjawi pun sade wos bokmanawi mesthi condhong mamanawi mesthi condong manawi mirah uwos kados ing masa punika, punapa inggih makaten pak grompol.

Ama Gabuk

Tiyang alit ing dhusun nglempung bawah dhistrik Kutha Kartasura, kala winginipun malebet dhateng padunungan lurah ipun patuh nagari kaleres baoni dandos-dandos sarampunipun nyambut damel dipun takeni dening lurahipun ing masa punika sabinipun saweg punapa, atur ipun tiyang alit sampun wanci sepuhipun pantun gadhon ananging wedalipun pasabinan ing nglempo meh boten ngukup awit kaparag ing ngama gabug mandar sakiwatengenipun ing ngriku sadaya sami ugi katrajang

ngama, rahayunip[un taksih mawi ngengeyan dene sakedhik sakedhik taksih ngukup. Wondene gabugipun pantun wau boten kenyanan awit wiwit ceblok tanem katingal lema tuwin subur-subur, wasana sareng wanci mrakatak ekalajeng boten purun tumungkul jalaran gabug mila titiyang ingakng gadhah taneman namung tansah pangungunipun,

Sambetipun Dongeng nistha utama

Rehning maksih wanci latri, saka ing pratikelingwang, murih sirna pakewuhhe, lamun neng marga kapapag wong nganglang kaya paran yen ta aku cara kaum kang pasthi nora denyana. Mula gapyk dulban klambi, laju sun rasukewala, mangkono pratikeling ngong, pun simin alon saurnya, bener ujar mu kakang, nanging benering wong gemblung, pancene nganggo carita. Kalawan yen wuneng jawi, dadi ulun nora kagyat eh ta kakang besuk maneh, yen ta sira darbe akal sadurunge waraha, nora maido wasismu, amrih slamete kewala. Awit pathokaning urip neng dunya kang den ypayu, salamet enak atine, ora winulang durjana, tan pinurih sangsara, mangkene mangke iku, saka ngowel uripira. Mung ywa tumibeng bilahi, nor kaya kowe kakang, murih sangsarane bae, tan ngowelan uripira, uaripe mung sapisan yen nganti \ya pindho telu, simankarasa pocungna.

Dhuh riningsun kabeh kabeh pituturmu, suuumlampi panrma, lumbeng cakraning ngati, sru sun gulung gumeleng neng ninging citra. Kakang puniku, dahat ing panrimaningsun sun rasa karasa, sawiji tanana lingsir, rehning ingsun wus lepat minta aksasama./ dipun arung, pangapuramulanipngsun tujunira padha, maksih rineksa hyang widhi, siminabda iya ora dadingapa. Reh kabacut kabehkabeh wus sun kubur, tanana karyanya, luwih becik salin budhi, budhi gangsare ngupaya andhang pangan. Kaya pripon mungguh kakang panemumu, angupaya pangan bisane mung karo budhi, dadi kena ing ngaran janma prawira. Pamanipun den kadidih anamurub datan darbenira, sabarang pinangan tapis iya iku kang aran janma sarjana. Nora mlaku, mugn sarna lawan kalbu, lantrn wicar, wicara lantiping ati, antuk pangan pinancing ing saben dina. Siman muwus yen mangkono karsanipun payoblantik jaran mung pawitan lan cemethi, lamun beja sadina metu rongreyan. Simin guyu, kasar temen panemumu, wong belantik jaran kudu wruh saraning wajik lawan kudu parigel panumpakira. Desireku, lan kapal ajrih kalangkung, paran polahira, yen sira kinon numpaki, mongka pasthi blantik iku kudu nunggang. Simin muwus yen nunggang aku tanpurun mung madoke rembag trima ujuran sathithik yen mangkono becik ngemisa kewala. Siman bekuh, kaya paran wuwusipun sun iki tan minta, pamrayoga ujar manis simin nabda lawan gumuyu alatah. Lah ywa rengu, kakang aku duwe rembug kawruh ingkang tiktyas kaya penak den lakoni, tampi arta saka pratikel kawala. Lamun rujuk kowe ingsun cara manuk dak kurungi ana, ing tepining wana ngriki, siman nabda kadiparan patrapira. Simin muwus mungguh ing pratikelipun badan masadaya, sunbalonyo pulud sami, yen wus wrata sun mancepi wulu samya. Banjur ingsun kurungi ingkang barukut yen kowe wus sagah, sun bakal ngupaya anggit dene wulu mengko aku angupaya. Siman rujuk iya aku dadi manuk simin sigra kesah, amet kehe wulu sami, wulu pitik wulu menthok wulu banyak. Sampun antuk sigra angupaya pulud wus pepak sadaya, sru ing yasa kurungan pring, pan pinetha kandhang babi ing gil jembar. Siman laju badane ginabul pulud wus wrata sadaya, wulu tinancep kang nuli, wulu banyak pinindha lancur anjenthara. Muyuk muyuk yen sinawang angendhukur, linebetken kandha, simin tansah anjegigik eh ta kakang mengko kowe yen sun undang. Kyai manuk blegedu wong sakakarepku, nurut a kewala, lamuns un atag menyanyi, menyanyi ya apalamu kae kakang.

Taksihwonten sambetipun.

Saweg sawatawis dinten punika ing wanci sonten nuju jawah riwis-riwis uwit asem wetan margi sakidul kareteg lepen awisan rebah mangetan andhawahi griya bangonipun tiyang gadhe ing kampung Rereniten nalika punika taksih kangge dhasar, mila tiyang ingakng wonten salebeting griya wau sami kedhawahan usuk tuwin gendheng, rahayunipun dene namung kesakitan boten wontenpepejah, sukur.

Karaharjaning praja.

Wiwit wulan Jumadilakirpunika, saleebtipun nagari kalebet kathah para pryantun abdi dalem Trawin tiyang alit ingkang gadhah damel kados ta: mantu tetakan sarta nyunataken saben dalu pating jaler gurswaraning gongsa ageng utawi cumengkunging kempul tatabuhan lalangenayuban utawi rititin wacucal punapa malih pangguguking kendhang tuwin trebang salawatan andadosaken sariserengipun karaton dalem kuciwanpun sakedhik ing masa punika sampun wiwit jawah angreceh, punika nuwuhaken cuwanipun para gadhah damel tuwin para tampi sedhahan pancen para berag kalanipun kathah karamayan kalangkung seeng, wasana punggel dening kadresan bok rara riris em inggih boten ngendhel ananging kirang ajer kaberaanipun Kintunan.

Rama Kaji Dlah Omar, gigriya ing dhusun Wongka (Kartasura) karemipun kasukan gigirisi, satunggiling dinten kasukan wonten griya ning tangganipun dipun pitakeni tiyang, lo kang kakji kok kesukan wangsulanipun iyah dhi nek lagi ngundhut ngeteniki rak boten jeneng kaji, ananging yen kula nganggo serban klambi jubah salat lanika kaji, ingakng pitaken tanpa sebawa lajeng kesah, malah malah kala kadhing manawipun kaget katayup rama kaji dipun purih ngeteraken hyah asnapun Kintunan.

Pethikan

Ing mangke pangerehing setatsepur ing mangke sampun andhawuhaken wiwit adamel kareta kareta, ingkang badhe kange lampahing kareta api ingkang terus dhateng Surabaya, salebeting kareta wau dipun pirantosi panggenanipun tilem tuwin padusan punapa dene wonten pakiwanipun, makaten ugi manawi tiyang lumampah wonten salebeting kareta wau saking sisih ngajeng dumugi ing wingking utawi kosok wangsulipun saestu boten badhe amakewedi tiyang tiyang ingkang linggih, kajawi punika menggah kawontenaning jandhela-jandhela saha ramram saestu boten badhe anguciwani, saking pawartosipun saupami kareta api wau mangkat jam 6 enjing saking Surabaya, enjingipun malih jam 6 dalu saged dhateng ing Batawi, dinten angkatipun dumugi ingSurakarta, wonten ingngriku cekap kendel anedha, dalunipun sipenging cilacap enjingipun mangkat saking cilacap wanci jam 6 enjing, sareng jam 1 siyang dumugi ing Bandhung, wonten ing ngriku cekap kendel anedha, dumuginipun ing Batawi, wanci jam 8 dalu.

Ing kitha Kibek Kwibek wonten satunggiling pandhe ingkang langkung dening kamlaratan awit saking sru pameresing budi, ngantos angsal pangrekadaya, saged ngindhakaken atosing tembagi, menggah kasantosanipun tembagi ingkang sampun

kaatosaken wau, sampun kacobi dening kanjeng parentah ing ngriku, kadamel balebekan ingkang tipisipun sami kaliyan kertas lajeng dipun lesarana mariyem tebihipun kirnag langkung 200 kaki, wasana mimis ing mariyem wau boten pisan saged ambutulaken tembagi ingkang samanten tipisipun wau, pun mimis malah gepeng lirpendah ginem bleng dhawah rentahing siti. Saking pangintening ngakathah, tembagi ingkang sampun kaatosaken kados makaten wau, saestu badhe ageng gunanipun ing iwngking boten wande kadamel baita perang.

Pustakawarti ingkang medal ing tanah Dheli, asung pawartos bilih Java Bank ing Singapura asayembara badhe angganjar yatra 12500 rupiyah, dhaten gsadhengah tiyang ingkang saged nyepeng tiyang ingkang adamel yatra kartas tiron.

Panjurung

Pusara winudhar gampil kriya pangrekakancana, wangsulan tumrap mas T.D. Kramawijiling Buhpala, wiyose: ngger pun bapa, dewagni putra hyang Guru, wus tampai panambramanta,. Giyotasinatang mudhik wrescugeng pyangga lwir cita, angupung basuki ridite, etang wuryanipungpakara, ig warsenggal punika, dyah garwa dyan abimanyu, dahat tarimeng tyas kula, i
Jurungarang.

Amargi saking sangeting ajrih kula, anunggil palenggahnipun para widakda, ingkang sami arebat leres ing kawruh wonten ing pabaratan ngriki, mongka andereng nggen kula kumedah dherek angrapeni rembag prakawis, na, gondhel mila kalampahan sowan ingngarsanipun rama kiyai Jurungarang, akalayan dhedhemitan inggih parlu angaturaken bab punika wau, supados lajeng kauncalaken dhateng pakempalanipun para sarjana, menggah atur kula kados ing ngandhap punika.

Kados pangandikanipun sangsarawita ing Bramartani, angka 101, ingkang mungal

1. tanah
2. guna
3. kuna
4. wani, sapiturutipun ingkang makaten leresipun na, wantah
5. ugeranipun
6. aturanipun
7. tekenipun
8. ambenipun, sapiturutipun ingkang mangkaten leresipun na

ananging sarehnign atur pratelan kula punika tans\pawaton amung saking pamanggih gagapgap mila sampunleres utawi dereng, mugi wonten a dhawuh wangsulanipun rama kiyai

Atmanta, amintasih: Jakamarapi

Wangsulan

La la la la rak malethek ta pitheku, yen mung bakal basabasih ambekakrah ting balengkrah, tak sengguh keker kucirecina, tabane kok.....eh andekna.....

Cekel Endralaya, sewu-sewu kasisipan kula kalabuha telenging saganten pangapunten kula kedah ngaturi wangsulan sapisan punika dhateng sampeyan la bok inggih sampun mangakten nun sawunipun kredyating galih sampeyan kok lajegn jujul jejel wekasan judhel bilih mangkaten kula kok boten dherek aken tindak sampeyan ing margiingkang makaten wau, dados paribasanipun sampeyan punika kukunora baku, utawi santosa kirang santa, bilih makaten punapa boten badhe kaweca kuciwa ing

smukuceming pasamoan eh sampun nun sampun nun leresipun tiyagn memancahpunika rak saged mecah, \pamecahipun makaten mula aku ngarani dhuwit tembung walonda: yatra, arta, redhana, tembung Sangupkrait, uwang tembung ceceg awit teges sarta karepe pamangkene, jukup pipiridan saka mangkene, saksine mangkene, mulane aran mangkene, ah kaping kalih, larak makaten nun pancenipun boten gampil nbun tiyang mancah mancenipunika, bilih dereng ambelanceng lelancur lancar larak badhe nguciwani, tur kapethek cethek tanpa jajro sadhadha polok tan kacelup dhari basan lo nun mongka tiyang punika apesipun winastan ana gagah nanging kacongga utaminipun winastanan gagah kacongga nora miyagah, dados kukuh bakh, tetep anetep ikudrat kaping kalih, santasantosa, dados anglenggahi tharikanign sajanadi (ngremba panembahan) sampun kok puguh boten saguh (sampun duka lo nun namung saleresipun) katondha yekti sampeyan boten krsa paring katrangan jerenganing jarwa myang pikajengipun teka angugemi dhuwit tembugn walandi, yatra arta, reedhana tembung Sangupkrait, uwang tembung ceceg dhok ngalothok larak leres kiyaiumbul sareng dipun terangaken malah cinuthel wah ngandika kados pundi genipun nyuwil nyuwil elo aping kalih, ah kaping tiga, kthik wonten tembung cinuwilcuwil saweg punika kula lamireng, tek wonten tembugn maujud kados bata wetah popok ngalumpuk dene badhe cinuwil jinuwing, e wa samanten kyai umbul tuwin kyai Kramaleya (iyah Kyai Kok galibet anajebres bae, bok dhaten gsetratbelakang ngrikineh, kula kangen kok)rehning panjenengan sepuh bilih sampun mirsa tembung jinuwing, bilih kula dereng, ananging nadyan derenga, bilih kapepet kapipit kados amalothot wudun kados inggih macothot saged mecah ingiang ngantos luluh leleh sagalepung miter pindhadhoga munanmun yen sampuna cekel Endralaya lumuh wawan kawruyh, kula punika pancen inggih kalebet baud anjajereng jarwa wredi ingkang jebles jebles ipun ananging bilih namung tinimbang lan jerenganipun Cekel Endralaya kemawon saha ingkan gmashti cocog kaliyan tiyagn sapramudita, ingkang boten ngrentengaken cakrawalaniratnitmpuna, sarta ingkang ngantos kados amanggih ingkang dereng nate pinanggih, ananging ingkang sami saged marem tanpa karana, lan lajeng boten mastani, kawruh kasasar amanjila, lan boten badhe ngewahewah kang sampun kalampah, wangsul cekel Endralaya sampun nedya puguh amitambuh, boten karsa ambebanjar jangkar ingkang tumangkar ing dhepokipun yegesipun sampun anjahi wiji, wijangipun tuwuh ing sarisarasa, lurus larasing rarasana inggih sampun sami andum wilujeng, ing ngatasipun sami ngawula ing ngallah, suwita ing ratu, samingupadi beja becik piyambak-piyambak tegesipun tuwuhing budhi, saking panduming ngallah pribadi, papangkatananing badan lelantaran sakini gpanduming ratu, lah punapa parlunipun angendhak angendhih anggelarakagunan ingakng kaagep tanpa guna, aluhung sami anentramaken badan budi pribadi, ing wasana kawenganana ing maklum kang wening bilih wonten kalintuning tembugn atumpang titih kiran gngatah, lajegn kalilan madal pasilan amengkerna ngupir angleng dhaten gbukit kadilaya angayemayeming jiwangga. Darmima lawan Widyakamawa.

Ongka 1 Salasa Pon kaping 14 Jumadilair Je 1822, utawi kaping 3 Januwari 1893

Bena ing Semarang

Kala wingi ing riki wonten pawartos kawat asuraos bilihing Semrang katarajangingbena ageng, pawrtos wau boten wijang, dene para titiyang ingkang sami saking Semarang dumugiing riki, sarta anumpang kareta api ingkang dhateng sonten sami awawarti, bilih ing setatsiyon kaleban toya lebetipun dumugi indhening kareta, urut margi ing sepur anjog ing kitha, lebetipun toya dumugiing cethik ulam banding ing tambak sami tilar rumponipun andon lalana rerentengan gampil sami cinepengan ngajengan Gareja Rum lebetipun toya kawantengah kaki

Siyang punika wau wonten pawartos kawat malih radi wijang, asuraos bilih ing Semarang sakawanditnen balandrangjawah sanet deresipun binarungkurdaning sanghyang Bayubajra, sadaya baita ingkang wonten palabuhan sami mirantos arumeksa, kala wau dalu santer santering erobing toya, enjing punika sampun kathah sobipun , kitha boten kabenan ananging pakampungan kaprenah wetaning margi Karang Turi , sakiwatengenipun setatsiyon sarta saeleripun kebon Laut punika sadaya sami katarajang ing bena sarta sanget risakipun, dene lebet lebetipun toya ngantos kalih tengah meter, makaten ugi lapahing kareta setumtrem boten kandheg.

Surakarta

Sosotya rengganing karna, pandaya pangusweng weni, ingkang srat mugu katura, paduka tuwan redhaksi, maknali running kang kin basa jarwaning ngasuwung, siswanta sumanthaka, tur pamuhi mring sang yogi, tuduh warna reh punika santun warsa. Janma lebdeng panembrama, kalpika mongka sasawi, tumanggap taun tinengran osik trus padhanging bumi, rentah ing tirta srenti, tetesa panyuwun ulun pamegaring sutanya, yaksa srananingpiranti, mugu tuwan wilujeng lan sukarena.

Gandhekan Tenen 1/1/1893 T.D.

Ing dhusun Trangsang bawah Kartasura, wonten jajaka kinten 18 taun sepuhipun kala salebetipun wulan ingkang kapengker, ki jaka badhe dipun dhaupaken kaliyan Kenya pacanganipun sareng dungkap kirang sadasa dinten kaliyan tempuking dame ling wanci dalu kijaka lolos saking griyanipun papali wara sumedya lalanandon ing semu lumuh mangun silaning ngakrami taksih remen momong sarira, kocapa enjingipun tiyang sepuhipun sami sanget kaget sarta ngemu sungkawa dene anakipun anising dalu kaupadosan dhateng gening sanak sadherekipun boten kapanggih, kawekasanipun pun para sepuh sami narimahipun dene panggihipuninggih dipun sarantosaken ananging kesahpun rare inggih dipun lari, kacariyos anggenipun anglari wau ngantos dumugi ing nagari, lah punika sareng dumugi margi kilen kampung Jayengan pun bapa noleh mangetan sumerep saklebatan kados wonten rare sairib kaliyan anakipun sanalika pun bapa boten saronta dipun purugi nanging rare selak malebet enggening tiyang bongsa banjur juru mulang ngaji, dados pun bapa dereng saged ningali ingkang pramana, saking adrenging manah katemah nututi mlebet ing griyanipun pun banjar wau, amrasajakaken punapa gatosipun ing damel pun banjar sajrawa bilih dereng lami kadhatengan rare saking dhusun ngaken nama pun Anu, sedyanipunnedha wulang ngaji, sapunika saweg anggodhog wedang, sanalika pun rare kaunang dhateng griya, sareng katingal jedhul jebul inggih punika pun Jaka, wah sapinten kemawon suka bingahing manahipun bapa

dene anakipun kapanggih ananging dipun narih-arh kaajak mantuk ewa dene kijaka sanget lenggana senga di anggenipun sinau ngaji dereng saged samasa sampun saged inggih lajeng mantuk. Dhuh para maos suwawi kagaliha, anggenipun pun Jaka puguh dereng purun kaimahimahaken wau, trumrapipun ing kawontenanipun sapunika rak radi anggumunaken.

Sambetipun dongeng Nistha Utama

Kalawan kang darbe panti, wong malah met limpenira, ngango nyuprih kasihane, wis ngadoha bae kakang, inghun sirepi dhawak yen aku mengko wis mlebu, kowe tunggu wa ing jaba. Pun Siman among nganthuki, simin sigra denya babah, mung sakedhap ambabahe, wus sedheng kinarya marga, siman glis denya nyelakaku ne kag malebu, kowe keriya neng jaba. Rehne kowe maksih taruni, durung keh duduganira, mengko kalamun kagok ki kaum tangising nendra, inghun kawatir dahat anyambani ki kaum pasthi nora bisa sabangkat. Seje lan kang tuwaneki, simin asru saurira, kaya besik kowe bae, aku ingkang malbu wisma, kowe kariya jaba, siman gedheg lawa bekuh, laju denya malbeng wisma. Wus prapta aneng jro panti, ki kaum kapangigh nendra, siman suka ngiseng dyane, bongsa sembet tinukutan benet binandrek menga, isine ing ngusung metu, sineselken ing babahan. Simin simin lah ta iki, barang dhuwit tampanana, aku tak jupuki maneh, dabeke ki kaum telas kari kalambi jubah, lawan dulabn gya pinundhut laju rina suksa saksana. Lawan begsa malangkerik eh kaum sira tangiya, iki jubahmu tak anggo, yen sira nesu nesuwa, lan mundur arsa medal sikile krasa anyandhung, gapyuk kang neng ngarep lawang. Eh apa kang muni iki, gya pinendhet tiningalan tan saronta gya den anggo, kethoplakan aneeng jogan yata kang aneng jaba, krungu swara keplak-kepluk sanget samara tyasira. Baya iku rama kaji, anglilir pan arsa salat paranta si kakang mangke, sigra nyelak ring babahan ngintip kang mawa swara, waspada paningalipun lamun kaji ingkang ana. Tyase sru geter kapati, dhuh paran baya sikakang, mengko kapriye dadine, kocapa wau pun siman kang nganggo klambi jubah, lawan dhek Dulban wau, sigra mengakake lawang. Tan mijil margane lami, grobyak kathoplak-kathoplak simin wruh lumayu age, kinira kang darbe wisma, siman wruh adhinira, gupuh nututi malayu kalih tan toleh ing wuntat. Dulban dhek lek kecer sami, nanging wus datan rinasa, among budi palayune, kaliye lancing linancang, tan ketang ketung marga, nusup madyaning wanagung, jurang jurang linabonan. Siman anyana jro ngati, baya gon ku nganggo jubah, di kira pak kaji ingong. Wit iki tan ana janma, simin anunjnag nunjang ah mara tak coba ucul lawan bengok adhinira. Saroning wus wanci enjing, watawis sampun jam sapta, simin sakala aneh leh, waspadapan ningalira, kalamun kang tut wuntat kakang ngane siman estu, sigra kendel palayunya. Simin sigra marepeki, lan ngempit kalam bijubah, simin weruh gedheg-gedheg lawan nyebut astrapirlah, dadi mau kangnganggya, dulban jubah theklek mau, dudu kajininging sira. Siman sigra amangsuli, iya aku ingkang nganggya, amurih ringkes lakune, reh kowe wus gawa kathah, dene sira srumlajar, apa ing ngoyaki kaum tiwas dulban inghun ilang. Eman temen maksih becik thok lek ko aku sedhengan tiwas mau ilang kabeh, mongka ciptaning tyasing wang, besuk yen duwe omah, tak enggo amlaku-mlaku, esuk lamun arsa siram. Simin sruwacana aris bener ujar ku samana, lamun trah sudra pasthine, tan bisa tompa nugraha, tandhane kowe kakang, amaling sira wus antuk dhuwit lawan barang barang. Dene sira salah kardi ngango gapyak lawan dulban sing sapa wonge tan kaget jalaran kang darbe wisma iku kaji

lungguhnya, sun kira ngoyak maring sun tan weruh kowe kangnganggya. Barang suwek lawan dhuwit mau ijeh neng babahan dadi aran tanpa gawe saka patrap mu priyongga, siman sumambung sabda, mungguh saka panemuku, kaya muwuh I prayoga. Taksih wonten sambetipun.

Pethikan

Serat pawartos walandi anyariyosaken bilih ing samangke, ing nagari welandi sampun wonten ingkang saged damel pirantosipun angresiki kapuk manawi pirantos wau katindakaken sakedhap kemawon saged anyameni padamelanipun tiyang pinten pinten dasa, bilih pirantos wau sampun dumugi ing tanah jawi ngriki, iba gunanipun kados kados lajeng kathah tiyang ingkang kapengin gadhah.

Watosipun kanjeng Sultan ing nagari Johor, karsa apapara dhateng ing tanah Amerikah, amirsani tentun seteleng ingkang badhe ginelaraken wonten ing kitha gChichago ing taun ngajeng punika.

Ing kitha Paris wonten sawenehing tiyang jaler atilar donya, titilaranipun yatra skeet ewu rupiyah, yatra samanten wau anggenipun anyelengi ing sadintennipun mongka boten gadhah panggaotan sanesipun kajawi namung nedha ni pasapon dhateng titiyang ingkang sami sasadeyan wonten sapinggiring margi ageng, panggenan ingkang dipun dunungi.

Abrapuspa

Wonten bujang ageng inggil wangunipun lakarsura panggah, kalinteran wonten sangajenging koplak tiyang estri ingkang dhasar wonten ing koplak wau aningali radi sumelang, bujang lajeng dipun saruwe, dipun takeni, kowe iku sakesuk kalinteran ana ing kono karep mu apa, bujang amangsuli, iya bener, sanadyan sakesuk aku durung kaisen apa-apa, ewadene yen ana kang nemu uwang aku bakal temen tiyang estri ing koplak wau pancen cethil saha rahap dhateng amal amurugaken kalintuning pamireng, dipun kinten pun bujang amanggih barang, kewedan anggenipun anyingkiraken lajeng dipun undang malebet ing koplak dipun suba suba ing tetedhan pun bajang tan suba sita lajeng anyandhak olah-olahan grewa, tigan pindhang, dipun tuwuk tuwukaken anggenipun nedha, sareng sampun lajeng sendhen saka, nunten anglinting klobot udud anglesus pun estri anyelak sarta angrimuk embok iya balaka lan wujudan oleh mu bakal temen kowe anemu barang apa, aku mau kelangan kanthong isi uwang, tur boten kaecalan punapa punapa, pun bujang kendel kemawon andumugekaken anggenipun udut sareng sampun lajeng mangsuli dhateng pun estri, kowe iku rak kaliru tompa mu menyang calathuku, calathu ku rak nek ana kang nemu uwang aku bakal temen lah sasuwene aku ana ing kene apa ana kang nemu uwang, dene olehku mangan panganamu mau rumangsaku ko suguhi ya banget panrimaku, saiki uwis wareg aku pamitlunga, bujang lajeng medal sakig koplak andumugekaken lampahipun pun estri rumaos dipun apusi lajeng cerek cerek nedha tulung, kathah tiyang ingkang sami dhateng, saha anggiyaraken kawontenanipun pun estri malah dipun gugujeng.

Wonten tiyang kalih sami wicantenan ingkang satunggal ataken aapa ta margane kapenak tanpa nyambut gawe, dipun wangsuli kancanipun lo iku gampang, kidul iki ana wong sugih, malebu wa ing ngomahe banjur ambukak kabenete, mengko kowe rak di pilala uwong gedhe, lan dipanggonake omah gedhe nganggo dijagani, sarta dicadhongi sadina dinane.

Estep.

Panjurung

Pangruwat

Saguning kalepatan kula mugè kasapuwa ing paramartanipun mitra ngabei Dipa Wardaya sakaliyan mitra widyakamawa, anggen kula dangu boten sowan kyai bramartani, saha dereng saged angatur wangsulan punika boten saking punapa amargi saking puteging manah kula, ribet angen kula anggagas kawasa nanging lalampahan ngantos judheg angggen kula pangolakalik serat sera ting mangke sanget panuwun kula ing mitra Sindungkara, ingkang saged anambak badhe sisikunipun mitra ngabei Dipawardaya, sampun kesdu aparing panjarwa pitakenipun bab tembung pandhita sapiturutipun, wah sampun ceples kula namung dipun bagehi tembung wipra.

Mitra Ngabei Dipawardaya ngeresi pun manah kula karuwata rumiyin boten pisan pisan bilih kula badhe boten anyeruweya panjurungipun mitra wau, kados pundit ingkang dados sababipun mongka elengipun pamanggih kula, dados ing sadaya ngilmu racutanipun tiyang ingkang saged adamel lega manahing tiyang, wondening jugaring ngilmu punika tiyang ingkang anyakitaken manahing tiyang, kadospundi saupami kula tarajanga, tandhanipun sagadugipun manah kula lajeng amberi urun panjarwa namung anuruti pangreh ing paramitra, tiyang anampeni pitaken lepat leres kedah amangsuli, sanajan lepata tamtu wonten ingkang badhe angleresaken kados ing ngandhap punika.

Kala jaman kina, para tiyang ingang mesu brata saliring wiweka putus, waspa deng cipta, pranawaning manah, awas wasananin gsedy, sampun kawentar ing ngamonca praja, sampun dados gagununganing pamujan, punikapara jawata maringi sasebutna saking tembung kawi, panjita, resi, yogi, yogiswara, wispra, sanajan para arja ingkang sampun kaloka putus dados gagununganing pamujan ugi angsal sasebutna wau, wontening sosoranipun ingkang sampun kacetha ugi angsal sasebutan saking tembung kawi, wasi, darah ingparapandhita angsal sasebutan saking tembung kawi wiprasa, wopdening endhang sapanunggilanipun sampun leres panjarwanipun sindungkara, amargi punika sasebutan namung tetep saking pranatanipun para pandhita, lajeng lastantun kangge gagununganing tanah parden parobotipun para pandhita, sanajan mangkaten ugi wonten parincenipun ugi.

Pandhita, punikaing kang sampun teep pinundhi dados panyebutipun para murid

Yogi, punika bilih para murid anelakakenpariranipun ingkang pinundhi wau, dados tambah sumungkem pangabektinipun tinimbang anyebut sang pandhita.

Yogiswara, punikapanyebutipun para murid dhateng sariranipun ingkang pinundhi ananging tambah sumungkem pangabektinipun amargi sasebutan wau anelakaken bilih ingang pinundhi pandhita sakalangkung ageng,

Resi, punika para nata miwah sinatriya muridipun manawi anelakaken sasebutanipun sang pandhita, angange tembung resi.

Wipra, punika para jwata manawi awawansabda amangandikakaken sasebutanipun sang pandhita wau, angange tembung wipra, dados tembung punika anelakaken beda bedanipun ingkang angucapaken mangkaten sapiturutipun namung sarehning angsal kula pamanggih punika wonten tanah parden temen boten wonten wawatoni pun wasana kula sumongga para maos.

Pun Endhang Pracimasana.

Ongka 3 Salasa Kliwon kaping 21 Jumadilakir Je 1822 utawi kaping 10 Januwari 1893

Surakarta

Sampun dangu anggen kula kangen dhateng gebyagipun ringgit tiyang, dumadakan kula mireng bilih amarengi tingalan dalem tumbuk gusti Bandara Kanjeng Raden Ayu Mangkunagara, ing dalem mangkunagaran badhe anggebyagaken ringgit tiyang, menggah kalampahanipun badhe wonten malem Akat Pon kusung-kusung kaliyan sadherekan kula tiyang nenem sasarengan mangkat saking dhusun jampitu sonten kula dumugi ing pamedan Mangkunagaran, ing riku titiyang ingkang sami ningali sampun andher, sansaya sareng kula dumugi ing palataran titiyang sami jejel uyelan toblas par jalandhir angggenipun sregep angrabekaken sikut dhasar kathh para arum dalu amiyosi: mangarsa-arsa kinedhepana karoningsih. Pasang rakiting pandhapa kawistara, bilih badhe anampeni rawuhipun tamu ruhur, sareng kendel jam sanga mungel salompret tengar, punika mebahing para kawula binarung umyungipun sawaraning tiyang, angyaktosaken pamethek kula wau, boten dangu titiyan dalem sang prabu anem dumugi ing topenganing pandhapa, kanjeng Gusti Pangran Adipati Arya Prabu Prangwadana tumedhak sakingpandhapa, ginarebeg para sadherek dalem ingkang pepak sami sowan sadaya, amethukaken rawuh dalem sang prabu anem rawuh dalem wau sarimbitan ingakng garwa gusti kanjeng ratu, saha kadherekaken gusti kanjeng pangeran sadherek dalem tuwin kanjen gpangeran santana sawatawis rawuh dalem sang prabu anem wau lan ingakng garwa sami anjujug ing dalem boten dangu nunten amiyos ing paringgitan ingkang garwa katilar lenggah ing paringgitan sang prabu anem lenggah ingpandhapa saasampunipun atatalenggah nunten sugata wedang sumaos lumengseripun sugata wedang nunten miwiti gebyagipun ringgit tiyang, menggah lampahanipun Irawan Bagna, sadaya ingkang kula tingali boten wonten ingakng anguciwani, bibaripun wanci jam tiga dalu, kula lajeng mantuk boten agentosi kundur dalem sang prabu anom.

Anjaliretna kaping 21 Jumadilakir angkaning warsa tinengeran sinembah sembah sarira gusti

Kyai Subalaksana.

Kula punika abdi lami dalah griya kula ugi ngadikusuman manggen ing sawetan regol sarehning bendara kula anampeni sih wilasanipun gusti kla ingkang sinuhun kanjeng susuhunan bingah ing manah kula sampun boten wonten upaminipun menggah saking pamuji kula ing gusti Allah saha lastantunipun salami kados dene pocung ing ngandhap punika:

Sakalangkung mangayubagya jumurung, denira bandara, adiatmaja apanji, pinaringan grwa paminggir srinata. Mangke ulun mumuji pudy martayu, sih ing jeng srinata, tulusa sabda ning ngaji, pirabara tumulyan tuk kanugrahan. Ring hyang gagung, mengah ingpanuwuning sun tumuli sageda, ambingahken sadayaning, darbyatmaja, glewog-glewo mijil priya. Titi sampun sinimpen sotaning kalbu, ping rong puluy tanggal warsa je den sangkalani, nguswapada ngesthi dirgayuswanata.

Pun Juminem

Magelang.

Kala ing malem Akat Legi, ing kabupaten anggebyagaken jogetipun langendriyan lampahan suwitanipun raden Damarwulan ing Majapahit wiwitipun tabuh wolu sonten bibaripun ing tabuh tiga, para tiyang ingakng sami ningali jejel uyel-uyelan ngantos boten kening kapiyak prikonca taruna tansah olah maripat.

Pawartosipun ing pamuulangan calon priyantun badhe kawewahgan wuwulanganipun dados gangsal pangkat sarta ugi badhe kawulang lampahing angger-angger wah ukur, anggening miwati benjing ing wulan sawal deresing pawartos bilih para rre medal saking pamulangan kandhi pratondha cihnane putusing kasagedanipun punika lajeng kapatedhan balonja 25 rupiyah lah punika amratandhakaken bilih kanjeng gupremen punika asih ingdasih

Pun Sari

Krawang

Ing dhusun Jatisari dhistrik Hdawuhan wonten sawenehing tiyang tani wasta bapak Gabugpunikaing ngatasipun tiyagn dhusun inggih sampun kawical cekap awit griyanipun payon gendheng lumbungipun kebak saha gadhah abin, dumadakan pak Gabug wau kayungyung dhateng wulanjar saking tanah Cianjur, bilih tiyangipun boten ayu, malah malah burik nanging kulitipun jene, tenaganipun namun gkenes sarta wasis siyaga, kadadosan lajeng dipun rabeni.

Inggang punika : sarehning bok Lanjar wau bagnsaning Blater, dados boten kraos gigriya wotnen dhusun angajak ngaloih dhateng kitha Purwakarta, sarening ingkang jaler punika remenipun sanget mila inggih dipun turuti kalampahan griya dalah sabinipun kasade, cekakipun sareng sampun gigriya wotnen kitha, sinasadaya pangupajiwanipun sanadyan reka-reka sasadeyan inggih meksa bobrok ngantos sangupawitanipun telas dalasan karng kitri ing papan pemahanipun ing kitha, kala dereng dados gadhahanipun pak Gabug wohipun sami dados samangke prigis boten saged awoh, malah witipun kala painggi bvarindhil kawewahan ingkang estri tansah layout kaliyan tiyagn jaler liyan wusana griya dalah pemahanipun wau lajeng kasade, sareng griya sampun kasade nutnen pegatan, yatra telas bojo ucul wekasan namung ngrangkul dhengkul.

Meru Supadma

Manadho

Salebetipun wulan Agustus ing taun ingkang kapengker wonten tiyagn estri, ingkang winisesa ingngasmara dening priya, wnaci repet repet pun estri saking padamelan mantuk dhateng griyanipun medal panggenan lindhuk ing riku kapethuk tiyagn jaler nenem ingkang ugi sami saking padamelan kapasang yogi panggenanipun lindhuk sepi samun dhasar sang wanodya saweg nedhengipun amenter-menter, pramila priya ingkang satunggal wonten ing kang katuwuhan tiardhaning tyas baliwur lenglenging budi mangongsa onga, byatne asmaraturina, tansaronta wanodya tiinubruk griyeng binekta sumingkir, inggih lajegn sakarsa-karsa kadugen sadaya, sasampunipun lajeng oncat punw anodya dereng ngantos saged tangi, nunten gentos tinubruk ingkancanipun priya, salajengipun nunten sanes sanesipun inggih gentos gentos sami bela, enjingipun pun estri sowan ing parentah, ananging boten saged wijang anggening angaturaken tumuwuh ing cikat cukat pratitis lampahing para prayantun reh pulisi, tiyagn jaler neneman wau saged kacepeng sadaya, sareng prakawis minggah ing ngabyantaraning baleniti, titiyang jaler wau sami kapatrapan sapudhendhaning nagari, tiyagn satunggal linaut nyadasa taun..

Sambetipun Dongeng Nistha Utama

Sakarepku, kakang kowe kudu nurut siman sampun sagah, simin tansah amemeling, dhuh lah na kang mengko ywa nganti sulaya. Ing sesampun nipun telas welingipun simin sigra kesah, mring padhusunan wawarti, yen tepining wana ana manuk tiban.

Ageng luhur, blegeduwong namanipun bisa tatajanma, pan sadhingah tiyang kenging, miyat nanging, bayari ta kalih gobang. Sawusipun simin awawarta seru, gya wangsul sakala, nunggu kakangane paksi, lawan nabda loka kang aywa sulaya. Tan adangu, kathahjanma samirawu, kacelu pawarta, jaluestri prapta gili, prapteng ngriku sesendheseg rebut ngarsa. Sami angsung, kalih gobang bayaripun simin bikut nomp, artanign bayaran nuli, winadhahan cuwe anyaisi toya. Yata wau, kang miyat srungatag gupuh, mara dipun inggal banjurpurih en menjanyi, ingsun arsa weruh ing sasendhonira. Simin laju, nyelaki maring tarukung, lon deira ngucap eh blegeduwong den aglis menyanyiya cara eropa kewala. Kang ngendhukur, pindha manuk tan sumaur, simin pundirangan sigra met ilah kinardi, anyogok kimanuk mung bekuh kewala. Sru gumuyu, kang miyat paran puniku, dene nora ngucap simin alon amangsuli, lah punika kados namung dereng karsa. Mangke lamun wus dhangsan saestu manggung, tansah sinogokan nanging ingakng pindhapaksi, amung bekuh wit kasupen apalanya. Eh kepaung, kowe manuk nora manggung, payo glis muniya, kaya dat mu menyanyi, gya sinogok nganti seru dhadhanira. Amung bekuh, ana pawestri amuwus tibane tan tikkyas tiwas sun kelangan dhuwit lawan kecoh tumiba mukane siman. O o sampun siya-siya maring ulun ing satemenira, kula niki sanes paksi, nanging temen kula manungsa balaka. Ger gumuyu, sarengan denira muwus o dene wong edan gya sareng bibaran sami, simin nyelak lan nudingi srumanabda. Ah dene wus winelingweling sireku, teka nglir ken wekas tyas sun mau wis kawatir, awit sira tan kena ing ngandel prana. Siman muwus wong kowe simin kang luput pakonmu punika, cara eropah menyanyi, satemene durung gambuh atiningwang.

Awit enggonmu muruk lagi sawengi dadi wak ingsun durupati apal kaya kang wis uwis mungguh ta pakonmu mau, semut ireng pasthi benjoh. Simin sumaur sendhu, dene bisa cangkeme anggadur, bok ya mau aja susah den camethi, dadi nora gawe kusut pun siman sumambung alon. Yen weruh akarepmu, semut ireng bae wus kalebu, nora susah cara eropah wus kenging, pasthi tan susah ko wuruk gawe cingkoking lalagon. Sarehning sun wus luput besuk maneh bae aku nurut simin nabda baya wus tan ana sudi, iki remeh gawe kusut mung dadi manuk malendo. Mendah dadiya dhukun pasthi lamun sira tan kalebu, awit dhukun kudu bisa petung bincil lawand unga kudu putus siman srumangsuli alon. Eh iuya sakarepmu, nanging aku suthik dadi dhukun yen gelema wingi aku konambani, anake sibabay buyut ingakng wadon lara aboh. Pinak sapaksa ulun lan ing ngebang dhuwit telugn puluh, lan pinethuk kreta akumaksa suthik rehning sun gething kalangkung, marang bangsane mangkono. Mungguh gelema ulun anampani kang nedya madhukun saben dina tusan kang padha ngaturi, aweh dhuwit karo kemul nanging sun tampik kemawon. Simin malengos jabrut tebah jaja nabda wor basengut ah ta dene sikakan gteka kumaki, mandanganu bisa umuk gawe rembug anggedobrol.

Taksih wonten sambetipun.

Panjurung

Pamurina dhateng KI Jalela

Antah: lintunipun antatah, cocog anyaru lintunipun ansaru, cocog kaping kalih, aniyaya, lintunipun an ya, manyura: lintunipun manyura, lah punika boten cocog sirnaning pasangan ta lan sa, kembang dados pasangan na kapareng nanging sirnani....utawi ya dadosboten kapareng , kauningana mas nganten ing donya namung ownten pasangan ta lan sa kembang satunggal.....utawi ya inggih namugn satunggal lah aworipun benjing punapa, manawi boten kapareng tunggil lajeng lebet sanget panggalih sampeyan ingkang makaten wau, kula boten dungkap.

Han dados pan leres nanging rakboten Pany sabab punapa teka dados panyuwu boten panyuwun wetahing nuyaya, saking pundi, yen panyuwjhn dhasar boten kenging,punika sampun kasebut ing piwulang.

Kula pitaken dhateng wayahipun kyai rongga, inggih punika raden bandung bondawasa, tembungpunapa, na ingakng boten mawi kagondhel punika namungtembung sinaroja nglegena sarta ingakng wekasaning lingga aksara, na aneng, panggarbanipun ana ing, Beda kaliyan anane, angsal panambang rangkep sanalika, tembung lingga dnhaan purwaning lingga aksara na, nalika,mila sab\nyata, ingih boten sigeg na, awit lingganingpun nyata, bedakliyan panyuwun wetahing nya, tanpa wiji, wondening nyaru, lintaupunsaru, nyuwun lintunipun suwun pancen ambucal aksara tnduk an mila saged dados wetah,nyaru, nyuwun sampeyan punika kalebet sugih modhel kacongga amastani lepating panyeratipun tiyagn kinatur ingkang sampun sinebut pujongga, manawi kalangkungan sampeyan saweg saged amretal almenak sebitan punika dereng saged agepok poncatipun para saged ing jaman kina ingakng ambawani pangimpunipun srining tembung, lah suwawi manawi sampeyan karsa ambudi, punapa d\bedanipun tembugn tanduk bilih kangge ing manungsa, kaliyan kewan tuwin barang, pandugi kula saged adamel petengipun panggggalih sampeyanb Saridin.

Wangsulan

Grompol menggah pitaken sampeyan dhateng kula, ing wiyata Bra angka 105 bab tegesing tembung sampurnaning danurdara, utawi kekeraning dahnurwedha, kasebuting serat yaktiwara, ing padawiwitan ing pada kaping tiga, mugi adadosa uninga sampeyan sarehnning kua boten gadhah serat yektiwara, dados boten saged suka katranganing teges lan pikajengipun ewadene sampeyanpunapa ajeng kula ajar wani saking budhi pamiyagah kemawon bilih ajeng vobi sampeyan priksani kula gelaripun ing ngandhap punika.

1. sampurnaning dhanurdhara, tegesipun satelasing ngaji ingkang winatek saking budhisanubari, utawi satelasing pamuntoning kang mihil saking kredyating budisanubari, pikajengipun putusing salwir, budi panglepasan inggih punika dununging budhi kawicaksanan.
2. kekeraning dhanurwedha, teggesipun weweraning ngaji pangasih an tuwin aji pangadhepaning karaton pikajengipun pingidaning sadya pambudining kaksan utawi wa3wadosing sadya mabudi kwaksan mila tumrap dhaten gpangayamayaming kawasan dunungipun inggih punika pangluluhing pasuwitan enggenipun kadunungan suka susah, awit ngatasing tiyagn suwita dhateng gusti Bandarnipun punika, boten gampoil marginipun saged kaleresan saha angsal sih. Sami kalawan tiyagn martapeng ngardhi, utawi mardagang mandeling lautan saking kathah ing dirgamanipun boten kenging katrecet sakedhik kalintu ing margi, tegesipun wujar sakcap lampah satindak kedah ngangkah angkah boten kenging tilar tripusara, inggih punika wikan wiweka , dyatmika, awit punika margining leres lepat bekjacilaka, papa mulya, sampun nun gro,pol kendel samanten kemawon kados sampun sedhengan panjereng kula ing Barowredi, sarehning temen medhar saking budhipamiyagah, bilih sampeyan sampun nganggggep leres pamanggih kula punika, sanget suka sukur kula, malah kula rumaos angsal untung saserepan ingakjgn lantaran saking sampeyan badhe kula trimah, amugn bilih dereng leres kedah sampeyan leresaken badhe kula trimah kaping kalih.

3. pitaken sampeyan bab leres-lepating panerat olasolonun nuwun namit boten saged angleresaken utawi nglepataken panerat sampeyan saking pamanggih kula piyambak leres lepatipun wau, kedah kasarah karsanipun ingkang nyerat ingkang dipun angge wawaton punapa, awit ing mangke kathah waton waton ingkang ginelar, ingakng kalampahaken dening para Gunawan Wibisana, dhaten gpara siswanipun sumebar sanuswajawi, bokmanawi sampun sumrambah dhateng sampeyan lah kados pundi gen kula saged mancah mancini lereslepatipun larak prasasat mengsah awakipun piyambak tiwas rekaos boten karaos cekakipun mangkaten kemawon sampeyan badhe ngangge wawatoning para sujana sarjana ing jaman kina, punapa janman sapunika, bilih sampun kinanten kang dipun anggep dados boten was-was panganggenipun sanadyan lepata ingkng lepat kang damel wawaton mila tanpa damel sampeyan pitaken dhateng kula bab unggah unggguh silakraminipun ing kasusastran amargi kula punika yektosipun pancen taksih cotho dhateng pathokaning kasusastran wau, aluhung sampeyan sampun kasrumrambah piwulanging Gunawan Surana tuwin sanesipun walik kula boten pisan lalambaran piwulang ing guru, boten liya namung lelanataran saking damaring budi pribadhi, tegesipun saking anontiron tgethok tular thok thok sayektos nun grompol ujar kula, nanging kula randi sumelang bilih sampeyan paiben mila kula purih aniling-nilingaken ingkang talesih, supados sumerep terang dhateng kawontenaning ujar kula, mangke rak boten maiben cobu ta, amila leeres sang wiku sastragyang, inggih widya pradhana ing jawi kandha,, amastani kula condha ing kasusastran dhasar ringgih yektos nanging cuwanin gmanh kula, teka sang sasra gyang boten lajeng tup dhak dhateng pabarata wiyatabra (e ya bok iya tumurun manawi guru widyapradhana, lah iba nggon kula ngluwari ujar, ayak nora ilan gupama dak sembaha mak sengog wah dwmbah cara dewa, jangji bisa anglegani atiku sing nganti marem marico) nanging sakedhik waswas ing manah kula, bilih winaawas saking wateking wasita panitis sastra, lembu ing kaseru sorasamaranipun punika, watgekipun ngandat esok sakedhik puhanipun mangkaten malih ejun bilih kiran gisinipun inggih kathah swaranipun kocak kacik trekadang muncrat panuswa samanten ugi, bilih cupet copeti kirang keobet budinipun ngadat lo sok lan neslengus angas ungas unusipun ewadene tityang punika boten kenging, bokmanawi mleset saking candramawanipun bangsanipun alagerlar becik lekti, mila prayogi dipun yaktosaken samasa tumdhak benjing sami ngalap barkah dhateng sang wiku sastragyang, nyuwun babaring sastra jendra ayuningrat dene gen kula gadhahpanggrayangan mangkaten wau awit kula titik geseh panengranging sarjana di, bilih sarjana di boten mangakten ambekipun ngadat menes wening budhinipun tansah amiguna ing ngaguna, lamun mangkaten larak badhe palongkawati, wasana rehning kula boten saged suka katrangan bab leres lepating panerat amung kalilanana mundhi maklu, sapeyan

Kadilaya kapin gNgaha, dumadiakir ring Je wArsayalumaris asnana. Widyakamawa

Wethe, bramatty angger, ananging tan pa damel prakawis sampun ambakuthuk rak inggih ta angger ewadene manawi medali ing papaninga Ngadilaga riki, ambok manawi garathula garathul inggih teinadhahan.

Jurungarang.

Ongka 4, Setu Wage kaping 25 Jumadilaakir Je 1822 utawi kaping 14 Januwari 1893

Pawartos kawat

Kanjeng Tuwan Pansetedhen Asisten Residhen ing Bangil jinenengaken Residhen ing Prabalingga.

Surakarta

Serat pawartos Surabaya Kuran aggyaraken bilih ing mangke kathah cina ugi sade srutu ciri: Maria Christina, , punika ingkang sami tmbas mugi sami angatos-atosa, awit punika namung pethinipun ingkang tulen liris makaten pethi kothongan sami dipun iseni srutu, ingkang salarap sae ingkang ngandhap srutu awon.

Ing dhusun Glidheh kabupaten Kartasura, kala dinten Akad pon ingkang kapengker punika, wonten lalampahan ingkang amemelas asih, inggih punika wanci jam 4 sonten Setra Menggala jaler estri dalah anakipun parawan kinten 13 taun sepuhipun taksih sami andhaut pantun wonten sabin sanadyan grimis boten dangu sanghyang rahaspati anedhaki, mawaswara angigirisi, sanalika setra Menggala jaler kaliyan anakipun wau tanpa sabawa sami dhepani bantala, kocapa Setra Menggala estri saking bingungipun lajeng mantuk popopyan tongga tepalih akalayan ngaruhara, kathah para ingkang tutulung dhateng sabin Setra Menggala jaler dalah anakipun samikabekta mantuk dhateng griyanipun sarehning dereng dhawah ing pasthi, Setra Menggala dipun upakara ingkathah saged waluya, nanging kalih dinten boten saged wicanten dene anakipun kalajeng pejah, aduh memelas sanget

Kintunan.

Sukaarja

Nalika ing dinten Senen tanggal kaping 20 wulan Jumadilakirpunika, kula jagong dhumateng ing dhusun Nguter, anak Seni kepyakanipun pamagang sahalsah ingkang kaparengipun ing karsa dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan kakarsakaken anggentosi lalampahanipun ing bapa: raden ngabei Wiryarumeksa, abdi dalem panewu pamaosan ing Nguter, kapatedhan nama Nunggaksemi: menggah pasamuwanipun ing dinten wau nayuban nalika majeng lumanosing sugata sup sangandhaping piring wonten srebetipun dalancang ingkang rinengga ing sasekaran biru, sarta gambaring botol gelas tuwin eskan cirining dalancang saking tuwan Gimberah enko ing Surabaya (Pabrik Srebet dalancang)saha mawi seseratan tondhapanengete-enget ing dinten kepyakanipun ngabei Wirya Rumeksa wau.

Ing salebetipun para tamu dhahar, wonten jajaka sakawan sami bekta serat nyunggal malebet ing pagongan saha lajeng andhawuhi dhateng konca wiyaga, supados angungelna gendhing boyong, sasampunipun gongsa mungel lajeng sami gerong, saya adamel senenging manah kula, awit kaleresan kursi palinggihan kula wonten sawcelaking pagongan ananging kuciwa sakedhik serat ingkang sami kabekta dening jajaka wau, sareng kula inguk saseratanipunnamung potlotan kemawon kados kados anyasmitani bilih pancen pamanggih dadakan wonten ing Nguter ngriku, wondene ungelipun kados ing ngandhap punika.

Kanthi anceryaning kalbu, sinarojeng pudyastuti, ngabei Wirya Rumeksa, abdintra panewu manri,, ning premba konjuk paduka, onder mayor sinambatsih. Bandara dyan mastumenggung, wiryadinigrat sayuakti, wong ngagung amek mardawa, tumuse ngambar ngasturi mring putra wandu wandawa, sumawana the sakalir. Marma ulun kamipurun medhar ken sotaning kapti, derambatampinakuan sih wilasanin gnarpati, pinatah pakaryan wredha, mugi widada salami. Nahankastawa ing ngayun mangkya kadang pningkapti, atur pakurmatan marang kang mundhi dhawuh ingngaji, mupakat

ken ing balabag nguter astha dasa kardi. Miwah sagung para sepuh, atanapi para tami, kang sih tresna sudikarsa, manguyuwah yaning kangsih, pahargyanmuhung sapala, pasamuwan dahat sepi. Minongka tondha panuwun mring kasredhanira sami, ing para tamu sadaya, mug i karsa angresepi, atur pakurmatan kula, tondha ancaryaning galih. Dadakan dadi ning kidung, dera kadereng sasanti, katarik sruning arsaya, tan wrin ngeseman sasami, tarlyan mung minta aksama, wirya rumeksa ngabei. Awit saking guyubipun para ingkang nayuban bibaripun ngantos wanci jam 5 sonten, sakini gpamireng kula dalunipun inggih nayuban malih Kintunan.

Sambetipun dongeng Nistha Utama

Dhuh upama kalamun anabocah ingkng kagum kagum kaya paran gonmu arsa anjawani, donga apa kang ko wuwus apa apalanmu sinom. Siman mangsuli sendhu, kaya paran iku dudu rembug kabeh dunga ingkang metu saka gaib, wus neng jroning atiningsun simin tanabda malengos. Ngadeg mara gupuh, malbeng sengkeran siman sinambut astanira ganendeng binakta mijil lah adusa bae gupuh, maring sendhang kidul kono. Aja kakeyan rembug yen wus adus tumuliyua wangsul arsa ingsun ajak rembug seje pikir, sigra ngadeg siman metul, saka ing kurungan alon. Prapteng jawi jarunthul terus maring sendhang arsa adus ingkang raya tansah denya tutup lathi, prapta aneng sendhang sampun wruh layangane nyengkorog. Gelagelo tumungkul wruh layangane siman gumuyu, jroning ngati gagas akulir wong baring, wis kaya ngene wak ingsun jer lagi dadi lelakon ulun sigra gebyur mring sendhang silulup warih, kinosokan ingkang pulud wulune kabeh marodhol. Wus resik mentas sampun wangsul mring unggyaning rayinipun prapteng riku mudhodhok bae tan linggih, simin nabda lawan ngathung: ngaken degan wus binolong. Iki ombenen gupuh, rehning sira mentas dadi manuk pasthi ngelak degan sampun den tampani, banyune ing nginum sampun sigra sinelehken alon. Pecahen iki gupuh, cukilen degane ingsun pundhut wit weteng kku rasane anginter-inter, simin amanguli guyu, bokya kok thothol kemawon. Wong mentas dadi manuk sayektine kowe bisa nukul siman nabda yen aku dadi ya paksi, pasthi anothol matamu, nora kudu prentah uwong. Ingkang kaya rupamu, simin gumuyu lan nyandhak sampun ingkang degan wus pinecah gya cinukil sigra ing ngadhepken sampun telas amung karibathok. Simin alon amuwus seje rembuga kangkang sun catur, paran baya ingkang kiinanya pambudi, metisil enaking laku, apa budhinira mangko. Siman lon sauripun aku mungnurut bae rembugmu, jangji aja kok dadeke paksi malih, datan enak atining sun sapisan bae wis kapok. Yen sira nurut aku, aku duwe ngelmu kan gpinunjul ikingelmu gegelengan saka gaib kucing sun sebdake besuk dadi kuwuk pasthi benjoh. Simin lon sauripun nyata pepengan iku ngelmumu, nora siwah saidering jagad iki, cilik gudel aranipun bareng tuwa jeneng kebo. Eh kakang seje rembug payo maling bae maneh sampun nanging aja kadi lelakon ing nguni, dhek ana enggoning kaum siman amangsuli alon. Mulane ta rumuhun ana lelakon kan gnora patut awit diyon nguni denirarsa manjing, yen aja arebut dhucu, tanalalakon mangkono. Simin gumuyu manthuk iya kakang besuk aku nurut lah ta ngendi wruh mu janma ing kasugih, siman srudanya sumaur, wis meng prajurit kewartos. Kae kondhang wis komuk sakancane prajurit pinunjul datan bakh wismane tur sugih dhuwit simintan sulaya rembug laju kakanthen wong roro. Asru men lar kalhipun bebondhotan aneng margi, kingkang sinedya wardaya, maring wismaning prajurit kang sampun komuk kaloka, sugih barang sugih dhuwit. Gegancangan lampahipun wus lepas lampah sam i, prapta aneng pakampungan wanci ne wus sirep janmi, simin sru denya tatanya, endi kakan gwismaneki. Siman alon

sauripun iku kan gkulon pribadi, simin sru sumambung sabda, apa wus bener puniki, lah dene banget tan murwat apa tan kaleru iki.

Taksih woten sambetipun.

Pethikan

Miturut wedharing pustakapawarti Sang Prabu Anem ing Praja Ostenreik ingkang samangke saweg kapareng midering rat angalangut lalana jajah tanah tanah, anitih kapal apipera isi wadya 500 tiyang, saha kadherekaken para empu empu, boten antawis dangu badhe rawuh ingpulo jawi, mandar ing mangke kajeng gupremen sampun anyengker losemen ageng, ingkang badhe pinaesan rinengga rengga, cinawisaken kadamel pasanggrahanipun sang prabu anem ing Ostenreik lan ingkang sami andherekaken..

Tuwan G ingkitha paris aken dhateng rencangipun kapurih damel pirantos amaeka pandung, kapasang wonteningkorining griya, dipunpasangi kestul ingkang meteng, namung tuwan G piyambak ingkang sumerep wadosing pirantos waum ing sawenehing dalutuwan G wau mantuk saking jago,ambekta yatra kathah, pamenang anggenipun masang pirantos wau, tanpa ttaha lajeng amengakaken kori kados saben saben kemawon sampun garising suksma tuwan G dumugi ing jangji atilar donya, sanalika punika kestul meteng wau mungel mimisipun angengingi tuwan G piyambak mila boten antawis dangu lajeng anemahi murud ing kadunyan.

Panjurung

Pustaka warti ongka 105 warsa 92 wonten ingkang amratelakaken awit saking dhawuh timbalanipun kanjeng gupremen samangkepara priyantundhokter bongsa jawi pangakt kasinggihanipun kaasamikaliyan asisten wadana klas satunggal punika saestu andadosaken wewahing seserepan kula, saha rumaos angsal babahan anggen kula badhe nyuwun seserepan dhumaten gpara wira, ingkang sami lalangen wonten paratanipun kiyai Bramrtani, inggih punika para sipir bongsa jawi abdi nipun kanjenggupremen menggah ingkang pangkat kasinggihanipun sami kaliyan priyantun abdi nipun kanjen ggupremen ingkang pangakt punapa, amargi tetepipun boten kakepyakaken saha kekancinganipun tembugn walandi, kula boten sumerep babar pisan tegesipun aduh saiba badhe sapinten bingahing manah kula, manawi wonten ingkang karsa paring seserepan wasana kula nyumanggakaken
Pun Mintarja.

Panjurung kula ingkang kapacak bramartani, ongka 3, kapengker punika, kalintu panyithakipun ingkang mungel an ya, leresipun anyaya, panyuwun leresipun ingkang boten kenging,panuwun, kajawi punika manawi wonten wangsulanipun sidyasidana, kula boten mangsuli, dene ingkang badhe mangsuli sadherek kula estri ingkang nandhani ingngandhap punika
Pun Katinem ing Paljayan.

Katur mitra Endhang Pracimasana

Wiyosipun pataken sampeyan bab temung kula kawula, minongka pambage wilujeng anggenipun lami boten papanggiyan atur kula nuwun. Wondene tembung ,kula, punika pamanggihing manah kula pancen boten saking kawula, mangkaten ugi, kawula boten saged dados kula, awit tembungkawula manawi kaluluhaken dados kwula, kawuron dados kwuron kawasa dados kwasa, mangkaten sasaminipun dados sampun tetela bilih, kula boten akaliyan tembung, konjuk. Tembung kawula kaliyan

kula, kangge wonten sasilahaning tmebung rkama inggil akaliyan kramamadya, sarta samikalebet tembung awak kangge tiyang kapisan kula nyumanggaken.
Sidyasidana

Wangsulan

Saridin ing jawi kandha angka 103 punapa ingkang sampun kasebut serat sampeyan punika ugi leres kula ingkang kasupen menawi wonten serat Gramatika, ingkang ngawontenaken modhel “le” kangge pasnagan nanging sarehning anggen kula mrangguli ki Kramatika wau namung sak lebetan dados boten terang sadaya, malah gagajipun kajawi le kang kangge pasangan ugi wonten malih mothokipun seratan makaten Rona, wani, keris, anku, sakiki, la punapa ingkang makaten wau boten sampeyan estokaken lakok namugn “le “thok dhok ingkang tansah sampeyan luluri, e punapa jalaran namung katarik saking trisanipun dhateng pun gandhul kemawon dados yen makaten boten ngamungaken kasukan thok anggensampeyan sok remen gandhul punika, dalah nyerat pasangan inggih gandhulan iya den bok sampun sanget sanget anggen sapeyan remen gandhulan benjing mindhak nemahi dipun jiyot nganyut tuwh sarana kagandhulaken. Kula punika boten sumedya ngajak paben lodin, dene bab punika wau, yen pancen sampun mupakt inggih badhe kula tiru, dados ing tembe menawikula nyerat makaten blekuthuk boten dipun gugujeng.

Kajawi punika sampeyan mawi memeling, sampun ngantos kula tumut gagujengan kados rare, o saridin punapa sampeyan dereng mireng, nalika kul ataksih suwita wonten nagari Jenggala, inggih sampun remen gojeg, dados boten na manglengkar anggen kula sasembranan punika

Kula pun Palet & Co.

Hyah mas prakawis na lan, le prayogi kadamel sampun kemawon tiyang prakawis sampun amba ketrek nun

Jurungarang

Dhuh sang sarawita, boksampun kagalih gineming pambantu jawi kandha, anggening moyoki kula sampeyan mindhak asribeti, sinten tiyangipun ingkang sampun boten kadunungan lepat tan kalintu, kosokwangsulipun sinten tiyang ingkang sampun tansah leres amesthi boten wonten ananginglajeng kagaliya kimawon yuswanipun Kiyai Bramartani sampun pinten taun miyosipun sang jawikandha sawek pinten wulan lah sampun anyekapi, mila mangsuli siman simin prayogi kirap wonten ing jawi kandharumiyin bilih sampun kulina ingngriku lajeng mangsaha ing Bramartani, kula anggep minggah, kula pyambak inggih mangkaten bilih dereng kalebet wonten ngriki, inggih badhe malorot dhateng jawi kandharumiyin.

Mila panyuwun kula dhateng para bantah, mugilulusa anggening sami saraseiyan kawruh kang adi, tansah anandukaken tatembungan manis amikat manah, bilih lastantun mangkaten lah sapisnten gumebyaring kiyai Bramartani, awit busana ning kiyai Bramartanipunika inggih para sarjana ingkang berbudi kulineng mamanis prasasat sinarojeng sosotyadi adining papaes tur anyunari buntuning manah kados pun kula, satemah saget tarontong sawatawis beda kalayan para cecengil inggih punika upami pangangge gombal pating saluwir, kusuting san gkiyai anamba I pepeting manah buntu, amila kula lajeng angatingal malih, amargi para widagda sampun sami angagem ambeg narasanta, wasana sagunging kalepatan kula, duh kitaning para sarjana badhe kapundhi

Pun Jaka Marapi.

Wangsulan

Dhuh Sumitra Andhang Pracimasasana, kula meh anjola, kula kinten sanes sampeyan dene sareng jumedhul nitih kapal palong katanah margawati, la tembtu nututi nun, nanging sampun kantun mila lajeng kula aturi terus kimawon dhateng pasamoan poncawidagda, ingngriku wonten prakawis ingkang kedah ginalih, bab pitangled sampeya gentos kula sigeg rumiyin ing wuri gampil bilih sampun rampung ingkang pinardata

Widyakamawa.

Aradhe kecelik wakne gunung Kelut tujune nyah nganten wis dicacar, anuwarak morak marik jare awas kathik.... Ki sanak gunung Marapi samono maneh, mintonake benering panulis bae nganggo ijo royo-royo, laadi sengguh pangantene anyar,eh banjur cumeplos makten sire ora mleset tangguhe. Yen teluciwir gandhengane karo kucing, bareng di maini berdor kucinge ora bisa nyakar, mung meyang-meyong bae. Inggih punika tiga ciwir ngapirani kyai, ta sampun suryan kemawon rumiyin ingkang resik bilih sampun lajeng sowana panjenenganipun tuwan jurungarang, nyuwun katerangan sinen priyantun ingkang damel kaget sampeyan punika, mangke sampeyan rak lajeng manggut-manggut kados puspa adyana.

Dhuh sang para ma ayampu: sarehning lkula boten pisan ngaku pinter, sarta boten badhe ngendhak kagunaning liyan boten badhe kaping kalih dados titir wiruca, (Jurtu Pambetho) boten badhe kaping tiga anurata: tanah, guna, kuna, wani, sanadyan panrarat kula punika lepat inggih kajengipun jangji taksih kapareng sumewe wonten ing ngabyantara ngriki,para maos kados sampun sami kajegan ingpangggalih, bilih leres punika asring kanthi dening kaleresan mila pupuntoning manah kula boten langkugn muhung tumuturing masa kalakemawon anut ombaaking karsa ingkang dados pangarsa. Cuthel

Jaka Singlar.

Ongka 5, Salasa Paing kaping 28 Jumadilakir Je, 1822, utawi kaping 17 Januwari 1893

Surakarta: Sukaarja

Kartadrana, ing dhusun Ngunut kala dinten Anggara Kasih kapengker punika, wanci siyang amarangi dadamel warni waos tuwin dhuwung, nanging waos boten mawi kapocot sakin glandheyan namunglajeng karebahaken kimawon tumumpang langkung konten dados tunjunging landheyan wonten salebeting griya, waosipun wonten sawawining griya, kartadrana sadangunipun nguli dhuwung wonten ing latar, lajeng lumebet griya, rehning mentas kadangon wonten benteran pandalengipun langkung saking sulap utawi boten angengeti bilih nyaladhangaken waos wau, kalampahan pun waos makan tuwan Kartadaranakacocog kempolipun kecras sambatipun aduh simbok aku mati, sanadyan wiyaring tatu boten sapintena, naningg pun waos tosan sepuh, kinten kula punika gebagan maos pait Kartadrana lajeng boten saged mangsulaken waosipun dhateng palangkan namung dheprok raosing awakipun benter saha gringgingen guwayanipun sakalangkung biyas wondene pun tatu boen angedalaken rah, namung katingal gosong ing ngriku panuju wonten tiyang sepuh kaleres wikipun Kartadrana, suka pitedah ila-ilanipun para sepuh, bilih kenging tosan sepuh supadados sampun tiwas pun tatu kedah dipun kaping kalihi ing tosan sanem samipun tiyang kenging dadameling ulampe, inggih tatunipun kedah dipun kaping kalihi ing tosan nanging tosan abrit kartadrana mireng cariyos wau boten lenggana anglampahi, kelampahan tatunipun lajeng dipun kaping kalihi kakekreng pangot ingngriku rahipun saged medal kathah sanalika kimawon lajeng saged sakeca dumugi sapunika wilujeng

T.D.

Ing kampung katandhan wonten cina rainipun kapopok ing... dening kancanipun pun Cina ingkang dipun popok wau sanalika lajeng sowan ing ngabyantaraning kanjeng tuwan Asisten dados lampahipun saking katandhan dhateng Asistenan tansah ana anaken gandaning... ingkang sumampir wonten ing rai, la inggih bvilih kanjeng tuwan Asisten lajeng saged amriksani, manawi saweg amarengi sare utawi tindakan pun babah punapa boten kodheng amanggihi dhaten glaler wilis ingkang sami anglayat Kintunan.

Kala kaping 8.1.93, bok Suramenggala kinten 72 taun sepuhipun griya dhusun Jatingarang, dhistrik Lawangsari (Sukaarja) pejah wonten wana reh kabudidayan Karangmaja, margi sakit kasrepen pun malih sepuh, pinuju lajeng konangan para wangsanipun.

Kala kaping 9.1.93 Ranawijaya, kinten 45 taun sepuhipun griya dhusun Seliran (Sukaarja) pejah wonten peken Maja, sakit unak wawratan ugi lajeng kaupakara dening wangsanipun lo, punapa punika gelenganipun kiyai ageng anu, iya bok inggih ngamungna punika kemawon mugimugi tinulak bali ya dalan amin amin yarabulngalamin

Wartisablaka pun Grompol

Purwakarta

Mas Dipamenggala, wadana dhistrik dhawuhan kawisudha dados patih ing Purwakarta, mawi kaparingan balonja: f. 450,- sawulan dene patih lamii mas sutadipura, karerehan sakingpandamelanipun sarta lulus ingpangkat karuhuranipun mawi angsal papancen pensiyun f 75 sawulan.

Pethikan

Tuwan dhokter Garnye sampun ameres budi anggenipun kedah badhe nyumerepi tembunging kethek ingkang kaangge wicantenan sami banganipun piyambak, wonten sawenehing tuwan malih ingkang ameres budi badhe nyumerepi tembunging ngayam,ing samangke wonten satunggiling tuwan ingkang amarsudi budi badhe nyumerepi tembunging laler, menggah pangrekadaya angggenipun badhe mireng ngaken suwaraning laler wau sarana pirantos ingkang anama mikropun parantos ingkang kaangge angirup swara lambat tuwan wau sanadyan dereng saged anggayuh tegesipun satunggal tunggaling ytembung, ewadene sampun saged mireng terang, bilih ungeling laler punika ambengingeh kados kapal.

Wonten sawenehing wanodya ingkang sakalangkung sugihipun punika nalika sasakit kolerah angamuk wontening tanah Eropah, dhasar wanodya wau sakalangkung ajrihanipun pramila ing sabendinten tansah angungsi wonten ing baita api ingkang kamilir kamudhikaken wonten ing lepen Rin pangeleding baita wau ing dalem sadintenipun 360 rupiah,s adangunipun sasakit wau taksih angrebda, pun wanodya sampun boten pisan purun minggah ing dharat rencangipunpun wanodya anjagi wonten ing gisik anengga saha nyadhiyani amukawis ingkang dados kabetahaning bendaraipun.

Sambetipun Dongeng Nistha utama.

Lah iku papatutipun darbeke mung kari pitik mungguh iku darbe barang, kang angel dhewe mung serit penipenine mung rupa, kemiri pidak manawi. Seje temen panjangkahmu, nalika kanira kariyin akarya omah Kembaran payo bali bae dhisik golek ingkang sugih arta, awit sakathahing malihg. Yen kacandhak ukumipun sayekti tan beneh benjing, maling wismane wong gombal lawan wismane wong sugih, lahingku sami kewala jer ta padha jenengmaling. Siman mangsuli mungbekuh,sigra nyelak maring tritis lamun sira nora karsa, lah becik baliya simin tak malingane priyongga, simin gumuyu marani. Mengko ta kakang tak mlebu, siman sru denya mangsuli,lah bok aywa sugih rembag alahgelar dipun yekti,lah ta inggal malebuwa, aku tak nunggu ing jawi. Tandya miyak gedheg gupuh, taliti natasan sami, simin sru malebu wisma, tanana barang kaeksi, sru mring senthong, ingkang ana, mung pitik angrem sawiji. Ana katon iket wulu, cumanthel ing patangaring, tiningalan mung salemba, sru pinangsulaken malih, jas bruk ngalumbruk neng jogan nanging wus tan mawi benik. Mung pancige bae pitu, simin sru gumuyu mijil gya tinanya maring siman kadiparan dene bali, lah wus oleh apa sira, simin gumuyu mangsuli. Datan linyok ujing sun siman srutatanya aris paran yayi yektinira, simin amangsuli manis eh kakang sira yen mirsa, enggone amendhem dhuwit. Mara malebuwa gupuh, siman sigra manjing panti, sru nyandhak jas kang neng jogan jirenereng wus tanpa benik asru binuwang saksana, nyelaki mring patangaring. Wruh cumanthel iket wulung, cinandhak jinereng nuli, nanging mungkari salebar, ngalengakuncunge dawir, gya binuwan glan sing nepak kalawan misuh dremimil. Sigra angupaya angus nyelaki kang darbe panti, tilemlawan sutanira, bokneawor sami guling, bapakne sru binerngosan ikete wulung ing ngambil. Gya sinuwek-suwek sampun tinampar kinarya tali, tinaleken sutanira, tangan ingngoleh ke sikil ling bapa lan embokira, janma tridadya sawiji. Pun siman tansah gumuyu, karepa mueh prajurit athik nora

darbe barang, iki tamba mu wong miskin sru miyat slompret neng saka, ping nandeng den lingi-ilingi. Kamitonggongen adangu,ngungun sajroning panggalih, lah ta iki barang apa, rupane pating clakluthik adangu den ulap-ulap nanging arsa nyelak ajrih. Awit sajege tumuwuyh, durung wruh barang kang adi, gya nyelak mendhak alingan neng sakaden lingilingi, arsa nyepeng datan sida, sakalangkung denya ajrih. Bebeging tyasigra metu, eh siman mreneya aglis lah iki jenenge apa, simin gupuh denya manjing, sru ginendeng astanira, simanyelak gya nudingi,. Lah sawangen apa iku, buburon apa kang nami, simin alon denya ngucap iku yen inghun mastani, ayake lungungan ula, nanging kok gilap akuning. Ewuh temen atining sun coba cekelen ta simin gya pinundhut tiningalan simanyelak maksih ajrih, simin dhase gujengana, aku tak melu ningali. Ing ngathungaken kang pucuk jebere den lingilingi, edene ta dudu ula, lah bolonge iku simin apa terus pucukira, coba sebulen tumuli. Tangane simaneng pucuk anutupi jebere nginggil gya sinebul siman kagyat muni mak tet ting jegigik simin aku genti ingkang, nyebul gujengana gelis. Siman alon deny anyebul muni sukane kapati, ah aku dhemen temenancoba dak jajale malih, kaseron panyebulira, kang darbe wisma ngalilir. Taksih wonten sambetipun.

Ambrapuspa

Mengsah kaliyan mitra.

Manungsa punika, sasaen saenipun nyumerepi mengsah sasaminipun tiyang, langkung sae nyumerepana mengsah ingkang warni sato,s amanten ugi bongsa sato wau inggih wonten ingkang pantes kaanggep mitra sae, sumongga samangke kula criyosaken mengsahipun manungsa. Mengsah ingkang sapisan inggih punika lemut, awit sanget temen anggenipun ngudi nesep rah ing tiyang, manungsa ngantos boten saged budidaya, ingkang kangge nyirnakaken lemut wau, yen ta lemut punika agengipun ngantos samikaliyan peksi glathik saestu andadosaken babaya ageng, dene sato ingkang pantes kanggep mitra, 1 lawa, 2. kodhok awit kalihpisanpunika ingkang dipun mongsa ngamungaken lemut, dados saged ngicalaken mengsahipun tiyang. Bongsa peksi ingkang dados mengsah, glathik, emprit manyar, awit sami ngrisakaken taneman pantu, kalong, punika ngrisak samukawis wowohan pantes dipun tumpes, dene peksi kang dados mitra, inggih punika, srigunting, kacer,utawi peksi alit-alit kang nedha uler, wonten malih mitra sae teka dipun gething tiyang kathah, inggih punika: beluk dares gagak menggah tiyang ingkng gething dhateng peksi beluk dares gagak punika kalentu sanget, awit peksi beluk kaliyan dares punika among sadhateng tikus, yen ta tikus wau boten dipun monmgsa dhateng peksi nyeluk miwah kamongsa ing Sima cecep saestu dados ngrebda, makaten malih gagak amitulungi nyirnakaken sakathahing bathang, ingkang ambetipun saggednuwuhaken sasakit, luwak rase, garangan sima cecep punika inggih pantes kaanggep mitra, awit tedhananipun tikus sandyan asring ugi dekep ayam ananging yen katimbang awon kaliyan saenipun taksih kathah kasaenanipun. Menggah ingkang sampun kasebut nginggil punika, prayogi sanget yen ta kadhawahna waradin dhateng tiyang alit ing dhusun supados sampun ngantos titiyang amejahi utawi nganiaya dhateng sato ingkang dados mitra wau, makaten malih saangsal-angsal tiyang dhusun inggih kadhawahan amejahi sato ingkang dados mengsahw au, supados pawingkingipun saged sirna babar pisan tur badhe dadosaken tuladhan utawi, tumrapipun pangreksa dhateng tataneman. Merusupadma.

Panjurung

Kulup cekel Endralaya, kapiye polahireki, mulane sira kapoka, aywa maneh anglawani, mring sasudibya luuwih, wit iku tuhu pinunjul risang widyakamawa, tan wurung den nuli uli, la rak lemes awakmu lir glali sutra. Lamun sira angandelna, waton pathokaning tulis yektinora paja-paja, madhani sang pramengkawi, mula mundura aglis sing pamedaning praluhung, becik banjur mungkula, andhangir uwi gembili, aneng dhepokira wukir Banjarsekar. Sarta anungkuha puja, semadi ngening ken pikir, supaya ne kagunan ta, rada mingis sawatawis apa sira tanisin krungu pangandikanipun risang widyakamawa, yen kapinteranireki, nera bisa nyilebake dalamakan. Tankaya sang tuhu dinya, iku kena sun arani, kabeh kapinteranira, bisa nyilebake langit ning langit dudu langit apa langit jeneng sungsum e lo ta sampun duka, tiyangnamung saupami, titi ulun pun

Katinem: ing Paljayan.

Rehning para sudibya ingkang sami anggusthi..... gandyhul kula manah tanpawekasan mila saking panuwun kula mugi para konca sadaya sami amunggela padudon wau, sampunmesthi pun kendhit barayung boten purun ngawon ingkang awit ugi ngindhiti pusakanipun kepek makaten ugi kira kancatrik janaloka, masa karsa angunduri, malah kaki ajar badhe kajokaken Sinerat ing Epangijatidhoyong, dening Emprit Grantil.

Para sarjana ingkang sami derdah prakawis ambudipanthokaning “na” wonten pasamuwaning pra mardhibasa, punika lambok pinten pinten taun manawi dereng wonten ingkang ngawon salah satunggal inggih dereng sampun sampun awit pancen tanpa waton dados punapa prayogi ngangge watonipun pyambak-pyambak, manawi mangkaten punika sami leresipun ingkang pancen boten remen dhteng gondhel tiyang inggih resik panyeratipun ingkang remen dhateng gondhel inggih ugi leres panyeratipun inggal mil asapunika prakawis “na” kula damel rampung, amargi boten wonten paripun aluwung ambudiya kawruh ingkang pancen migunani, mila sapunika kula ingkang dados pupucuk tiyang badhe angadani punika kedah sarana ambucal la sapunika kula angudhari pitakenipun Endhang Wrediningsih rumiyin amargipanyawang kula pitakenipun Endang Wrediningsih wau kalebet kawruh ingkang migunani mila wajib kasaruwe.lah Endhang Wrediningsih, pitaken sampeyan ingkang kapacak ing Bramartani angka 97, tumuju dhateng pun pulut ing Wirengan sarehning sampun sawatawis wedalan punikapun pulut sampun boten karsa amangsuli malih, mila manawi kapareng kula kemawon ingkang jawab margi boten wonten sanesipun kula kaliyan pun pulut o, sanadyana kula punika dereng kenging kaewokaken kaliyan bangsaning para saged ananging kula sampun purun angudhari dhateng pepeteng sampeyan awit tiyang punika manawi pakempalan kaliyan para saged badhe kathah saserepanipun amargi kawontenanipun tiyang saged ambudi indhaking kawruh punika saking kakosodan punapa ingkang dipun sumerepi ing ngriku, wondene badhe panjawab kula punika angsal kula gagap gagap sakedhik kalih kedhik sampeyan pariksani panjawab kula ing ngandhap punika:

- I. bithen: punika winastan, wisesana, lingga
- II. Lanangawadana punikawinastan sambawana

Endhangwrediningsih, namung punika panjawab kula, leres lepat kula anyumanggakaen ing samangke kulanyuwunpitaken gentos:

- I. bedhilan: punika dipun wastani tembungpunapa
- II. tak nulis dhim: punika dipun wastani tembung punapa

III. kanyatahan punika dipun wastani tembung gpunapa.

Sampuning endhang namung punika pitaken kula,tumunten sampeyan jawab ingkang pratitis badhe sakalangkung panuwun sarta pamundhi kula.

Wetan Kathithang kaping 28 Madilakir Je 1822

W.D. Resi: Mudha Bathara.

Ongka 6, Setu Legi kaping 3 Rejep Je, 1822, utawi kaping 21 januwari 1893

Pawartos kawat

Kanjeng tuwan Ris kapindhah anggentosi asisten residhen ing Bangil.

Surakarta

Kulawisudhan

Tumuwuh ing wiyosing timbalan dalem sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan salowonging kalenggahanipun ngabei Lebda Udara, abdi dalem mantri sadasa kadipaten anom ingkang kakarskaken anggentosi anakipun jaler nama pun Marjan kapatedhan nama tuwin sesebutan Mas Ngabei Lebda Pranata.

Abdi dalem lurah panakawan ing Gedhong Brak Mas Atmasugata, kakulawisduha dados abdi dalem mantri Urdenas kapatedhan nama tuwin sesebutan Raden Ngabei Atmasugata.

Abdi dalem lurah panakawan ing Gedhongkan mas Atmawijaya, kakula wisudha dados mantri Urdenas kapatedhan nama tuwin sesebutan Raden Ngabei Atmawijaya.

Nalika malemipun Rebo tanggal kaping 18 wulan punika, ing griyanipun Wiragala, dhusun Bukur Ireng dhistrik Banyudana, kalebetan durjana kecu, malebet ing durjana kakinten jam 1 dalu, barang ingkang kabegta durjana kecu warni-warni gunggung regi 1887 rupiyah, ing dalu punika Wiragala jaler boten wonten ing griya, pinuju wonten ing griyanipun ingkang estri enem sarehning jawah riwis-riwis saemper pun Wiragala namung katungkul anggening karonsih, katemahanipun sarira rungkrah lajeng katilemanmandar embok enem mireng swaraning tiyang acerek-cerek nedha tulung, sareng jaleripun badhe nglilir murih sampun kaget kemulipun kabrukutaken kalampahan purwawasanipun tandakiing pun kecu, pun Wiragala boten pisan pisan sumerep. Kocapa dhatengipun kecu, kala anjujug ing griya ngajeng wonten tiyang ingkang jagi satunggal dipun gugah dening parakecu ririhan kaangkah sampunngantos kaget sarta sampun ngantos saged anedha tulung, inggih lajeng namung dipun penthung cengelipun kemawon pundi wonten lajeng bentayangan agereng-gereng, sarehning kakinten saweg anglindur, dados lajeng kaambalan dhawah ing gpenthung malih tur boten patos seru, namung sarosanipun dados anambahi tatu. Sareng kecu sampun malebet ing griya, ambejat konten bok wiragala kaget kakinten ingkang jaler mantuk pangucapipun mngkaten: e kyai ne iki rekane apa, kok teka bengi-bengi banjur duka ambejat lawang, apa mentas paduka ro nyaine kidul kono, banjur wong sing wis tuwa dinggo tiban. Sareng bok Wiragala tangi saweg badhe ngadeg punika durjana sampun malebet ing griya, boten sronta bok Woiragala kapenthung tangan miwah bathukipun ingkang lajeng anjungkel ngenggen salebetipun para durjana amendheti barang-barnag, bokwiragla dipun cepengi miwah kapenthung dening druhaka, parmila ngantos unduring durjana bokwiragala boten sumerep cacah punapa malih rupining kecu, dene ingkang tandang kok inggih boen wonten embok manawi celak umbul pengging punika dados tiyang tilem saged sakeca, dhasar jawahipun riwis-riwis sansaya parandra anggening guling, lir pendah manuswa tinilar yitmanipun ananging inggih kalebet aneh mas pulisi lalampahan punika, prayogi dipun talisik ingkang resik. Nahenta panjenenganipunbopati Bayalali tampinipun paturan saweg pukul 12 siyang, lajeng gagancangan anitih kareta kalayan raden ngabei kaliwon dumugi ing ngriku lajeng amratitisaken ing kawontenanipun ananging pangunguning panggalih dene panewu mantri dhistrik Banyudana sami boten wonten saking pawartosipun sami angupados katrangan. Sakonduripun nanbopati lajeng anandukaken sandi upaya, ingkang pinatah panewu dhistrik kitha sapanekaripun punapa malih kinen ananlesihaken ing kawontenanipun ing banyudana kilap

wasananipun. Bilih ginagas gagasing kawontenanipun kekecon punika, yen ta upaminipun tiyang kasukan belit telakanipun kok ambe....seol
Kintunan

//\ sapa baya tan resep umeksi, ring puspita ingkang mawagonda, sumribit ngambar gandane, mila keh jalma nandur, pankinarya rengganing panti, saben ari siniram den lebi ing ranu, tinanem munggwewing pethetan dhinangirankesmanya ing ngurap resik murih srining puspita. Kang sumrawe sumlembreh ginunting, bunder memed wradin isthanira, kinisik tanaregede, tebih sasakitipun sinaponan ing saben ari, supadya kang puspita, mekar langkung bagus tan karya celaning liyan malah mandar kathah ajal maka pengin umyat srining puspita. Riwusira mekar kanangsari, langkung endah tinon sing mandarwa, pinarpekan mrik gandane, sing ngakangmyat wulangun sru kapencut mringpuspitadi, mangkana ujarira, bok ingalap iku,mendah sukaing tyasingwang,kaya apa rasaneacundhuk sari, kng warnane mangkana. Rowangira sajuga nauri, baya sira tan wruh yen ika, kukuh abakuh betheke, pama bisa amasuk ring wengkoning bethek amasthi, gampang wong ngalap puspa, kinarya cucundhuk sanadyan regulo pisan kang aeringong saguh sewu amethik yenbisa bedhah palang. Rowangira sajuga nambungi, tan raka saharsa bedhah palang, cok uga tanwruh kang darbe, la bok teka winedhung, tataline amasthi gusis tankongsi sapanginang, ngong bisa malebu, mring taman anggendhong sekar, gya rowang nya malih sajuga nauri, eh eh sing sareh konca. Mangke lamun sampun tengah ratri, risedheng nya kang darbe anendra, gumuling laan rabine, payo padha lumebu, sikep mothik tanapi kudhi, talimayo tinatasan tanewuh amulung, sakarsakarsa katekan anging pomaywa kasupen anyirepi, marang kang darbe wisma. Yata wau rowangira malih, ingkang ragi waskitha ing krama, aririh sareh sabdane, sireku jalma jugul srukumingsun nora mangerti, pasiratan pracaya, mring Allah kang agung, nguningani barng tikah,nadyan peteng rempit tan ajal mauning, allahtan kasamaran. Lamun sira pracaya ing gusti, teka dadak ajrih ing manungsa, esupe marang hyang manon angur pdha tinembung, mengko mengko sun kang dhingini, tur sira cundhuk sekar, tan mawi pakewuh, tinona sawiyah jalma, mapan kembang wus lila sing kang darbeni, sapa kang nglarangana. Yen puspita denira mamaling, pesthi ewuh ing panganggenira, bok kuningan mringkang darbe, dadya temah sireku, wurung arsa susumping sari, tan becik tinon sanak wastra ajur mumur, kinarya malangkah palang, krendhet-krendhet kasangsang sangsang ing eri, tur lakunira nistha. Kunene gwau dyan tinembung ririh, mring kang darbe pepethetanpuspa, kitani alon ujare, milakula nanandur, kembangkembang estune adi, sun karya cacawisan sagung sanak wanuh, kang samya birai sekar,nanging mugi kauningana ing galih, tuwase jalma tegal. Saben ari raka sangrimati, kang supadya endah ing puspita, karya yungyuning jalmanon mila mba nyuwun wangsul pituwase gen ngong nrimati, sigra wau kang jawab tan suwaleng kalbu,enggal denya sung pituwas mring kitanikang taberi nambut kardi, puspita gya tinampa. Prapteng wisma kinarya susumping,langkung endah prajanma kang mulat nyiptarsaniru karepe, susumping puspitarum tur tanana jalma ngaruhi, temah para taruna, adreng arsa anut ngupaya puspita endah, gonda amrik ingkang tinuju ing galih, milih sakarsanira. Wus limrah nyaprajalma taruni, brongta yungyun mring puspita endah, terkadhang sring sru sengseme, tan ketang prapteng lampus nistha papadenya nglabuhi, angger bisa katengkan ing sasedyanipunnging poma para taruna, aywa kongsi kabanjur banjur ing galih,nglabuhi ingpuspita. Kang mupakat gandanira amrik mirah regi karya brongta liyan katon medhok melok melok ywaktiku puspita lum ya ulane den ngati-ati, yen

sira ngruruh puspa, aywa salang surup antuk kakembang ermawar, raorane malathi utawi kanthil dimen tetep sarjana. Aywatinggal weweka ing galih, lamun antuk tamanira sanak dimen gampang pangalape, lan aja grusa-grusu, methik kembang kanthi nastiti, ywak liru puspa bangah, gandanira rengus tanpantesinumpingena, karya saru tinon sanak kadang wargi, temahan karya cuwa.

Tya anak lacur pesan: Madhecakeranana

Yogyakarta

Wonten titiyang tiga sami mendhet ulam ngiras lumban wonten ing saganten mancingan wasana ingkang satunggal saya nengah denya adus ngantos dumugi sapriki boten wangsul. Wonten mlih tiyang sakawan samiba itan wonten ing mancingan ngriku inggihdumugi sapriki ugi dereng mantuk bokmanawi praunipun kerem

Maggelang

Wonten sarsan Mayor badhe arabi, kocapa sareng sampun celak prat\gating damelipun ing rainipun katuwuan kukulageng, punika amurih enggalipun saras pun kukulipun sudhet sanalika inggih kang raos mayar, ananging sareng sipeng sadalu, kukul wau abuh malih mandarsan saya ageng abuhipun kasudhet malih dhateng tuwan dhokter meksa tambah abuhipun kawekasanipun boten gantalan dinten sarsan mayor wau anemahi pejah. Pancen sampun kathah katatalanipunbilih kukul kasudhet asring andrawasi, pramila para besus mugi sami angatos-atos bilih pasuryan sampeyan wonten kukulipun prayogi kasarantosna mecahipunpiyambak.

Pethikan

Ingmonsapunikapanggenan kula wonten sawenehing guru santri ingkang sakalangkung ambekdir dhateng para muridipunpunapa dene dhateng tiyang sanes ingkang kawial sae kalakuanipun saha manis tetembunganipun ing sawenehing dinten kyai guru wau pariwara dhumateng para muridipun ujaripun e santri santri ku kabeh, kowe aja padha kagedhen endhas awit owng kang mangkono pambegane, lawas-lawas disatru ing wong akeh, lah ing ngriku wonten sawenehing santri ingkang kalebet moncol panggraitanipun sanalikalajeng mangsuli: dhuh kyai guru saking pamanggih kula ingkang pambeganmakaten wau sampeyan piyambak awit samongsa wonten tiyang berbudi utawi ggadhah kasagedan sakedhik kemawon lajeng sampeyan sengiti, mila kasinggihan dhawah sampeyan bilih pambegan ingkang makaten wau boten tumunten sampeyan papas ing sanes dinten kados kados boten wande badhe wonten guru kadamel gulang-gulang dening para muridipun awit saking ambegipun dir. Awit ing samangke ing pulo sumatra sampun wonten pepelikan areng sela, kados kados ing taun 1893, punika kanjeng gupremen sampun boten badhe mundhut areng sela saking bongsa enggris kados ingkang sampun kalampahan.

Abrapuspa

Punika pethikan serat Pustakaraja, anyariyosaken pambekanipun para nata binatharaing tanah Jawi.

Ingkang kadamel bubuka kala panjenenganipun nata prabu Kresna Dipayanainggih Prabu Abiyasa ing Ngastina, jumenengipun kala ing taun sangkala 665 dumugi ing taun 686. pambekanipun tanuita, kaliyan darmaita, tegesipun karem ulah kapandhitan kaliyan remen ulah tatakrami, ingkang kalampahaken tansah amumu dhateng wadya

balanipun amurih karaharjaning nagari, kaliyan lestantuning panembah, awit prabu Abyasa amranata patraping panembah, kadosta, ingkang anembah sanghyang Sambu, sanghyang Brahma, sanghyang Endra, sanghyang Bayu, sanghyang Wisnu, sanghyang Siwah, sanghyang Kala, punika patrapaken ing papangkatanipun piyambak piyambak utawi kaenggenaken sagolongan sagolongan sarta anindakaken sama bedadana dhendha, kadosta, yen paring dhateng wadyabala, kadamel sami, manawi badhe angaoti dhateng wadya kang kacelak punika sanes dinten medal piyambakan yen mamatah padamelan kadamel beda beda, ingkang lambat sami lambat ingkang kasar sami kasar, yen angadil-adili prakawis amiingkadanakaken kemawon boten mawi pamrih punapa-punapa, yen amatraken paukuman boten bau kapine, nadyan putra santan, yen kaleres kokum inggih lajeng kaptrapaken Taksih wonten sambetipun Narawindana.

Panjurung

Nylayani kaping kalih, bab kaping, 9 ing serat paramasastra, bagiyon 1 ungelipun kados ing ngandhap punika. 9:winastan aksara gahana, tegesipun jurang, inggih punika aksara kang angulur. 1. nama kawiran tegesipun kawiyaran saupami mungel “kula”, dados “wula”. 2. nama kawigaran tegesipun kamegaran saupami mungel sardula, dados saradula, mangkaten sapiturutipun ngantos wolung bagiyon pecahipun aksara gahana wau, sarehning karsanipun masidya sidana tembung: kula, boten kenging dados kawula, sok mangkatenna serat paramasastra punika lepat kula mung gumun sughipun modhel dene pamangggih kula kados sampun leres kula, dados kawula, mirit saking sutra owam pipindhanipun sardula, dados saradula, uluring layar dados ra, ewadene kula sumongga ing sampeyan ingkang baud anggalih ingar-ingering tembung , nanging sampun ngantos ingar ingeripun kecer. E wonten keceran atur kula ingngajeng, bab panyuwun sampeyan boten pareng bilih nyigegaken na, ing serat paramasastra bab kaping 29, aksara kanyuta, mangkaten ungelipun.... Nanging yen ing wingking wonten ya, punika, na, kan gpejahw au taksih wantah, namung ya, wenang dados nya, kadosta,kanyara, dadoskanyyara, sami ugi manyura, dados manyura, nanging atur kula wau mongsa kanggeya menggah ing sampeyan tiyang paramasastra wedalan paarapatan ing Ngadikusuman beda kaliyan para masastra sampeyan wedalan tentun seteleng ing sikago, Sinerat ing plajayan tanggal kaping 27, Jumadiakir Je onka 1822 Pun Katinem.

Ni mas Katinem mangke ta sampun age age amatonaken dhateng paramasastra, kula badhe anerangaken ing panjenengan sampeyan angger, punapa kagungan panjenengan serat pramasastra, ingkang panjenengan agem taringan ing pabening kasusastran maratah kaangge ing Surakarta sadaya, puunapa namung balenteng balentengingkang sami gadhah, awit kula titik ing sadangonipun parawidagda abondawala susastra, teka namung sami cukeng rengkeng kemawon karana sami anggondheli wawatonipun piyambak-piyambak dados ingpaben wau boten wonten kawekasanipun eman sanget nimas.

Inkang kyai Jurungarang.

Sarehning kula boten rumaos anandukaken tembungingkang adamel pedhesing kuping, mila ugi boten nyana pisan pisan bilih wonten tiyang ingkang abrit kupingipun kados cina methi, lah punika sampun dados watekipun bongsa kula tiyang jawi, sampun ingkang winasonan boten na jola-jola, sabobotipun kula namung

amratelakaken gesehing pamanggih, wonten ingkang lunjak-lunjak sarwi amingkis rasukan(isining donya mung salah surup) menggah ingkang mangkaten wau wonten emperipun manawi kula anyedaha dhumateng piyambakipun awit namung kewan ingkang boten mongkog katandukan ing pangalem. Bahne saridin kula boten adamel mongga, ananging niteni gumelar, bilih, suku, keret cakra, pengkal, tumrapingna, tuwin nya, boten susah kasigeg dados samenipun panjingan la, boten susah kaserat pan nylurut cekap kaserat panjlurut. Sampeyan mancahi anggen kula sok mertal almenak sebitan amargi dereng saged agepok poncotipun para saged ing jaman kina ingkang ambawani pangimpunipun sarining tembung, punika kasinggiyan sanget awit atasing tiyang mamertal sampun ingkang namung almenak sebitan kenginga kaanggep saged sanadyan ingkang ertal serat dongeng utawi cariyos manawi nimbang angelipun tembung walandi, kenging kaupamekaken tiyang lalampahan ngubengi donya saweg wiwit mancal saking palabuhan. Bah, sampeyan pitakenpunapa bedanipun tembung tanduk biilih kangge manungsa,kaliyan kewan tuwin barang, saking pangestu sampeyan bah, leres lepat boten adamel petenging manah kula, awit pandugi kula gampil manungs asaged angangge sakathahing tembung tanduk kewana mung saged angangge tanduk kriya wantah tuwin tanduk bre kriya, barang namung saged angangge tanduk ikriya.

Sidyasidyana.

Ongka 7, Salasa Wage kaping 6 Rejep Je 1822, utawi kaping 24 Januwari 1893

Pawartos kawat

Kanjeng tuwan Palete, asisten Residhen ing Salatiga, kaingser dhateng Semarang mangreh pulisi sarta apdheling kitha Semarang.

Surakarta

Bab kula wisudhan pun Marjan ingkang medal dinten Saptu kapengkerpunika wonten ingkanglepat lerresipun kapatedhan nama tuwin sesebutan mas Ngabei Lebda Pradata, mantri Sadasa Buminatan ananging boten nunggil golongan wonten Purbanagaran kawadanan dhateng ing kadipaten anom.

Tuban

Kala tanggal kaping 5 wulan punika, wanci dalu, kapalipun aisten wadana ing Onderdhistrik tambakbaya, dhistrik Bancar, sampun kaprajaya dening tiyang dursila, malem tnggal kaping 7 nunggil wulan kapalipun wadana ing dhistrik singgahan ugi makaten. Ing nalika dinten malem Rebo Pon angrintenaken tanggal kaping 18 nunggil wulan wanci tabuh I dalu, ing dhusun Sawahan Onderdhistrik Semandhing, dhistrik Rembes wonten saweneh ing tiyang sampun manggih baybaya karpajaya dening tiyang dursila, ngantos labet kalih panggenan wonten ing lempe, tuwining bautagan. Nembe punika ing wanci dalu, sawenehing tiyang gigriya ing kampung Merik dhistrikrembes ugi sampun manggih babaya kasanjata dening tiyang dursila, ananging wilujeng boten dados ing pejahipun awitingkang labet kenging mimis kapernah wonten ing bautangan ponang mimis mawi nalisip.

Wiwit kala ing wulan Dhesember kapengekrpunika, ngantos dumugi sapriki, ingpadunungan kula mengggah wontenipun jawahrintendalu tansah angrekeh kemawon prikonca among tani binghsanget amarwata suta,awit badhe boten kacuwan panggarapipun sabinpunapa malih ing masa punika, menggah eginipun uwos kalebetaksih miring, wewah malih wedalipun palawija medal sanget tur mirah reginipun pramila para tiyang tani sadaya samikatingal meles-meles sarta manah berag kuciwa sanet dene ing mangke para bakul bakul sami anampiki yatra tembagilami, ingkang gembring, sakings anjangipun para bakul milakatampik awit yatra wau damelan Balora (Rembang) wondening tengeripun tipis sanget sarta melot lan malih seratanipun wadhag. Nembe punika wanci tabuh 4 sonten wonten sawenehing tiyang estri, kinten umur 50 taun sepuhipun lumampah sakingler mangidul wonten ing radinan ageng kampung kKamertan sadangunipun tiyang wau lumampah ecanecananwasana wonten grobag andhong saking ler mangidul sareng tiyang wau mireng sarta sumerep bilih wingkingipun wonten grobag sanalika lajeng minggir,pun kusir andong tumunten amecut kapalipun sumedya anglancangi lampahipun tiyang estri wau, dupi kapal kapecutlajeng neter, pun kusir keparat meksa amecuti kemawon inggih sanadyan anggening mecuti ngetog ing karosan kapal ugi boten purun ambandhang mandar paneteripun sansaya sanget kocapa pun tiyangestri wau, saking sangeting ajrihipun tumunten dhepepes wonten ing upit jowar ingkang wonten ing pinggir margi ngriku, sumedya angencati babaya,wananging takdirolahboten kenging, grobag wau dumadak ambruk nampek dhumateng uwit jowar wau, saha pun estri wau kacepit sirah ketatap grobag landhesan uwit jowar, ngantos boten enget sarira kuthah rudira, jalaran sirahipun babak bunyak sanalika para tandang kathah sami dhateng, anggulawenthah dhumateng pun tiyang estri wau, pulisi ingkang kawogan terus angatas dhumateng dhistrik sarta ingkang nandhang kanin

lajeng kapulasara ing balemarta, pun kudisr keparak kaladosaken rol kilap
karampunganipun
Kintunan

//.\ Bratasunu, liring Brata iku laku, sunu iku anak tegese layan gpuniki, kala kuwan
agonanggoning atmaja. Den smyemut kinarya pangemutemut wenganingj darajad
lawa rahmating hyng widhi, awit bangun turut anarimeng warah. Ing hyang ngagung,
paningalawan pangambu, miwah pamiyarsa, ati ingkang anampeni, denya nata
wektune aneng pangucap. Kabeh iku, sayekti dadya wuwuruk obahosiking ngrat solah
bawaning dumadi, kang gumelar ala beik wus katingal. Yeku wuruk sastranira hyang
mahagung, marang atmajanya, endi ingkang sira pilih, kamurahaning hyang wus
pepak sawarna. Ana catur, wuruke si kaki pucung, wecane wong kuna, kenauga den
lakoni, lah ta ikikabeh padha nastititekna. Wong nom iku, becik kang manut miturut
warahe wong tuwa, bapabiyungkaki nini, pan warahe iya ing sadulur tuwa. Lawan
manut marang parentah ing ratu, ingkang paring sandha,lawan pangan rina-wengi, lan
kangparing kamukten lan kawiryawan. Ratu iku, minongka wakiling rasul kanjeng
rasullulah, yekti wakiling hyang widhi, wong ngamanut parentahe ratunira. Sasat
manut parethaira hyang agung, padha sumurupa, lapale ati ngulai, ing tegese padha
bektiya ing Allah.lan Maolul amrilirirata sagung, kawulaning Allah, padha bektiya
sireki, kang darbeni paosamaretnah sira. Yeku ratu, papatih lan pratumenggung,
kaliwon pangkatanya,iku pratntah tegesenki, endi ingkang ngerehaken marang sira.
Iya iku, estokna saprentahipun lawanlakonana, yen anedya dadi becik dene warah
wuruke wong tuwanira. Bapabiyng,yekti ratu samenipun minongka panutan bapa
biyung kaki nini, iya dudu ratu kan gmengkunagara. Tegeseipun mila ing ngaranan
ratu, pan ratu wawenang, lire wenang mala gitik wenang muruk panggawe ala lan
arja. Lawaniku, dadi marganing tumuwuh, wruhing padhang hawa, saking bapa
biyung sami, aweh tuwuh anuduhaken ing sira. Marmanipun aran panutan puniku,
jangji sira nuta, barang parentahireki, muruk becik muruk ala padha uga. Aywa
mesgul aywa sakserik ingkalbu, becik lakonanana, aywa sring ngasring madoni, ywa
malangiing reh ira wong ngatuwa. Durung surup kasusu atine lengus nadyan muruk
ala, yen temen sira lakoni, datan mengeng ala dadi becik uga. Bangun turut kan
gutama dadinipun manut bapa biyung, nglakoni wajibing ngurip lamun muruk becik
sangsaya utama. Lamun manut piturut terusing kalbu, mantep datan owah, sukarena
trusing ngati, lair batin mung sumarahing parentah, siyang dalu, esuk sore tangi turu,
lungguh lan lumampah, mangan nginang nginum warih, meneng muni solah
bawaning manungsa. Barang iku, eling elingen satuhu, parentah ing bapa, ingkang
angukir sireki, kang nastiti ngatiyatiywa sumbrana. Aywa usul aywa gangsul ing
pamuwus kang manis ingngulat den enteng jatmika yekti, kangngalirih lereh sarta
ngarah-arah. Yekti thukul begja lan dah ulatipun saking badanira, pribadi kang karya
becik gawe lega karya bungahe wong tuwa. Dadya nglumpuk pandonga
pangestunipun gumantung munggeng tyas gampng sabarang pinikir, sarwa gangsar
sabarang ingkang jinongka. Marga saking, bangun turut kang anuntun dadi tan rekasa,
sarya numpang gumalindhing, saya wuwuh temahan atumpa-tumpa. Tumpuk tumpuk
pepak saya ngumbuk-umbuk satengah abungah, dene wigya anuruti, barang solah
wongnganom nut wong ngatuwa. Yeku yen wus ajeg atine tuwa juh, wruhing
pagaweyan sunat prelu lawan wajib bisa minta nora tumpang wruhing tata.
Taksih wonten sambetipun.

Warni-warni

Wonten sawenehing nonah, taksih ewoning rare wontening pamulangan kapurih adamel ukara, dening gurunipun sareng ukara sampun dados kapariksakaken dhateng pun guru suraosipun makaten: bocah lanang iku dudu sato, ananging yen calathu rungokake utawa ditonton saka kadohan cangkeme wis jibbles cangkem kodhok dene bocah wadon watake anteng, yen ditakoni patitis wangsulane, bocah lanang rumasane anter dhewe, dupeh bisa nglangi gon kang jero, ananging gusti Allah anitahake panya, supaya sakabehing ngurip padha meneng ing dina Akad., bocah lanang yen is gedhe jeneng: wonglanang utawa dhuda, yen ing wayah bengi anglempara nganti

lungse, bocah wadon yen wis gedhe jeneng wong wadon utawa rondha, gawene dhuwel ing ngomah bae. Inggang anggumunaken teka anjepleksi temen suraosipun ukara wau, mongka punika gineming rare, lo punapa punika inggang winastan wisik.

Wonten tiyang ing dhusun Putu, Yogyakarta, ing wanci dalu anganglangi tanemanipun ananging lajeng boten wangsul sarta ingg adalu wau kaubres boten pinanggih, sareng wanci enjingipun malih kapanggih wonten ing wana sampun pejah, saha labetipun niaya ing durhaka. Saking pawartosipun ing mangke ing Lumajang kathah sima gembong, ngantos adamel tintrimipun ing titiyangngriku, ngantos ing saben wanci jam 5 sonten para titiyang sampun boten wonten inggang purun medal saking griya. Salebetipun wulan dhesember kapengekr, ing Samarang jawah deres ngantos anuwuhaken bena, kados inggang sampun kawartos ing serat bramartani, baita asep tambangan ngantos boten purun medal dhateng palabuhan mangkaten ugi baita asep saking Batawi, Surabaya, boten kadugi angudhunaken utawi nampeni wawratan inggang sami badhe mudhun saking baita dados sande, malah baita inggang saking Batawi lajeng dhumateng Surabaya, telegram saking Batawi anyariyosaken bilih temboking palabuhan tanjung priyuk remuk katrajanging ombak inglepen Susukan palabuhan lamiiing Batawi, betengipun alit ugi longsor kasempyokingngombak mriyemipun silem kabekta ing ngalun ing Kendhal ugi kathah pakampunganipun inggang kabenan.

Abrapuspa.

Sambetipun pethikan serat pustakaraja, anyariyosaken pambekanipun para natabinathara ing Tanah Jawi

Panjenenganipun nata prabu Pandhudewanata ing Ngastina, jumenengipun kala ing taun sangkala 686 dumugi taun 710: pambekanipun samaita, kaliyan darmaita, tgesipun karem ulah tatakrami kaliyan ulah pangadilan. Inggang kalampahaken anggelaraken tatakrami miwah kasujanan pangleresaning budi, patitising wicara, asih ing pawong mitra, adamel sukarenaning wadyabala, amurih raharjaning nagari, amewahi wawanguning praja, yen kala amatrapaken pangadilan inggang katindakaken samabeda danawendha. Panjenenganipun nata prabu prastharata ing Ngastina, jumenengipun kala ing taun sangkala, 710 dumugi ing taun 726. pambekanipun tanuita, kaliyan darmaita, tegesipun karem ulah kapandhitan kaliyan ulah tatakrami. Inggang kalampahaken tansah amurih karaharjaning nagari, kaliyan lestantuningpanembah, anggelaraken wuwulang kadamane budi, anyelakaken para tapa, angraketaken para kawula warga sami pinrih suka, patraping pangadilan taksih anindakaken sama bedadana dhendha.

Taksih wonten sambetipun

Narawindana.

Panjurung

Hem wong grenang-greneng asoroh badan iku sapa, e ni mase katinem la embok angemungna anggen sampeyan siyaga, kathik tumut tumut angginem prakawis kasusastran mangke tamangke, sampeyan kula kandhani, ingkang sumerep aksara ga ha na kawiran tuwin kawigaran punika boten sampeyan thok kula rak inggih sumerep srog dados serog jlog dados jelog sering dados sring, maring dados mring, sрати dados sarati, prunggu dados parunggu, kathah tunggilipun ananging kawuron boten saged dados kuron kulon boten saged dados kawulon mangkaen ugi, kula kawula, manawi kaweruh saged dados kawruh, ananging boten saged dados karuh, lah punapa tandhanipun manawi sampeyan saged angayuh suraosipun serat ingkng sampeyan kekep wau, to sampun awedhak pupur kemawon.

Wayah, mas jenge nganggo gelar pipiritan sutra owam pandonga sampeyan jeng, kula inggih sampun sumerep korek kenging kaserat kaorek gayam kenging kaserat gaim ananging rak inggih kathah ingkang boten kenging, ewadene manawi sampeyan peksi inggih sumongga. Sampun leres bilih sandhangan wyanjana pengkal aged dados ya utawi nya, kadosta: kadya, dados kenya, utawi, kenya, ananging punika rak ingkang kenging, wangsul nganyang, anyak banyak dyap punapa aged dados nganyang, ngan anyak anyak banyak anyak keningg, niyp kenging lan niyup menggah ingkang makaten wau saking pamanggih kula, kedah kalars sarta mawi dugi prayogi, kenyar, kenyar kesyar, kenging, sanyata, sanyata, sanyata, kening, lah sabab saking punapa panyeratipun saridin sanyata, boten kaserat sanyta, punap adupest nyata, sampun saged jumeneng piyambak paminongka ater-ater, karena wawaka, pa, nyuwun e nas nyuwun saking suwun nyata, boten sakini gpundi-pundi, kanyataan kok saking kan ya tahan panyana saking panyana, panyana, iyah bokmas saking lumakudi guironana, dudu watake sidya sidana, kudu binudhi dhisik.

Ni mas sekatinem manawi pramasastra sampiyan leres sanget ananging anggen sampeyan nyuraos ingkang boten leres mila benjing malih manawi taksih sampeyan lestantun aken jumeneng sampeyan juru waonan saderengipun sampeyan giyaraken ing Bramartani, sampeyan rembag rumiyin akaliyan guru sampeyan ingkang ngantos bunder kdos keneker dados boten anguciwani, tiyang keneker benjo amnpeyan anggegaco, bilaeni she, lo, kleru she, wedok kok diseh, mengko diarani jawat Sidyasidana.

Dhuh Katinem ari mmi, babo ngowel emen sira, marag sutan takicekel gonepadha rejegan lan sangwidyakamawa, bok benengna bae gendhuk lumrah janma saraseyan. Jangji dya tan a sami, ngetrappake tembung ksar, kang sruri nuthungake, yayi nora dadi ngapa, malah dadya panggrinda, tumrape mring ati kethul gendhuk kaya utanira. Ki Cekel Iba banjur mlathi, pancen kabangeten tenan gone bontos salawe, eka nora montra-montra, kalamun ngiribana, iya lawan gurunipun maksih mudha pinandhita. Ki Jaka Pranawasidhi, putusing reh pangawikan weweka lukita ngentek dene yayi sutanira, ilang labeting ngartga, nora wekel amamacul nora brata ulah puja. Dwi prakara srina sepi, mung pengeyen surupasurya, ngendhang praendhang dleder, mulane yayi amangkya, gugunen ujaringwang, rehning sutanira mupunhg, mosig gayuh kaluwihan. Kang lawan nora winardi, tondha trusing atimulya, mulane ywa cawe-cawe, uluren sakarepira, yekti tanwurung benjang, krarapan pathining kawruh, wruanira ariningwang. Mungsuhe sutanta iki, dudu jago weton pasar, jago ingon kawit endhog mula sayekti patohan dhuh bekja temen sira, sasatnyukolahken sunu, tan susah mring pawiyatan. Nora nganggo dhwat-dhuwit bayar setali sawulan cukup babantahan bae, lawn sang widya kamawa, wus wuwuh kawruhira, iki lagi gunem tembung, besuk mungguh ngrembug palak. Dene palak iku yayi, kawruy ngawruhi

sajagad kang gumlaring dunya kabeh, mongka iku sutanira, ing tembe bakal bisa, mung ikupituturing sun muga gendhuk estokena. Titi risaptu marengi, kaping telu sasi rajap ingkang lumaku taun Je, lagi ngumur pitung condra, tinengran ing Isaka, samya kembar murtining ngrum ing sun bayunta Sadiyah.

Ongka 8 Setu Pon kaping 10 Rejep Je 1822 utawi kaping 28 Januwari 1893

Surakarta.

Pasamuhan lalangen tedhansah, ing lebet karaton amarengi ngalandalem wiyosan kaleres tumbuk kaping kalih.

Lir kabenan sagunging mamanis sruning suka denira srinata, ing Surakarta praptane, Arbo Kliwon ping pitu, rejeb dewayamadipati, pingkel tunglekuthila, marengi tumurun ing kandha mongsa palguna, ponca sudanira wasesa jaladri, wurung wuku galungan. Nuju windu Sangara Je warsi, sinangkalan Arsaya rumengya, salira dlem pamase, tumbuking yuswa sampun tetep sawidak lan gangsal warsi, dalu malem respatya, karsanta sang prabu, ngruhurken nugrahaning hyang, denya tampi sih wilasaning hyang widhi, pinanjangken ing yuswa. Myang dinulur sugih wayah siwi, prapteng buyut prasamya raharja, trustheng tyas prakawulane, praja tentrem rahayu, marmanira sri narapati, akarya pepengetan sihira hyang agung, mawalalangen tedhansah, saderenge prapta tempuking pakarti, ubeg jro dhatulaya. Para wadya kang sami angrakit papaesan reganing kadhatyan yata sapraptaning gawe, samakteng para wadu, amajibi karyane sami, dene ingkang minongka, ing pangagengipun pra putra kang ngasta karya, narpatmaja jeng guti pangrandipati, anom mengkunagara. Tuwin putra dalem kanjeng gusti, pangeran arya prabuwijaya, dekan mriksani sakyeh, sugataning pratamu, amamantesa barnag kardi, kangjeng pangeran arya mataram dwipun badara kanjeng pangeran arya nata kusuma, denarpasiwi, kanjeng pangeran arya. Adikusuma amariksani, prayogining pangrukti kalawan lumadosing wedang bangket kang mongka kanthinipun Santana jeng pangeran ari, ya adinagara kang, minongka babau, panewu Urdenas ngekan rahaden Mas Retmakusuma ngabei, kalawan mantrinira. Raden Atmawijaya ngabei, lurahira mas Atmasucipta, myang panewu sajajare, panakawan sadarum ing gedhong kan miwah ngreh panji, wayah buyut kalawan Santana sadarum kang yun angladosken wedang, dene putra dalem jeng pangeran ari, yang prabuningrat datan. Ngasta damel pinundhut sang aji, punatahing pakaryan ajudan myang winacak andhedherek jeng gusti narpasunu, de bandara jengpangran ari, ya kusumadiningrat mriksa yogyanipun rukting bipet minuman lan mrayogi watara let ing lumarih, sagunging kang minuman. Akalawan ngresepken manawi, wonten para tuwan ingkang sedya, ngunjuk minumaneng bipet dene ta kanthinipun Santana jeng pangeran ari, ya kusumabrata kang, minongka babau, mantra Urdenas anama, radne ngabei Atmaartana tuwin Raden Atmadimeja. Lawan lurah panakawan katri, mas dipranamas Atmasudkarsa, mas Umar Madi katrine, lawan sakancanipun prapanewu lan juru tulis jajar gedhong minuman tanapi dhadhawuh, mangreh praencik-encikan kapinatah ngladosken minuman sami, putra dalem jeng pangram. Arya purbadiningrat mriksani, prayogining pangruktri sugata, sesa sru tu upet lawan rek tirta gonad rum-arum ardhamunggulan cengkeh tuwin mrayogi lumarihnya, longkanging lumintu, kanthi Santana jeng pangram arya adisurya ingkang babaoni, panewuning Urdenas

Taksih wonten sambetipun.

Cariyos saking tanah Arab lalampahanipun raden Mursait putranipun sang Prabu Ibnu Ashar ing Praja Lulkiyah.

Mangun langen rarasing reh manis mangers budya denya mri widagda, mamba swargjana mas Urehe, putus pandoming tembung, kang wus lumrah jimrah ing nguni, tan kewran yun arsaya, loking janaka sub kaonang-onang susanta, santabudya pratanjana sru mamardi, sampataning gita. Tinali ti rehywa madal sumbi, kabisan ta kamot wus tanwaswas awramawur wasitane, dadya dalaning ngayu, dera wigya nanduken wadi, dadi wruh ingngaguna, diadi sinerung, rawat rawiting kusukuban tarka babang susetya ring reh utami, tamatamaning driya. Tiardaning tyasnya kang muryani, wus ginulung sumelang ing nala, lamun ngesemaning ngakeh, denya mudhambeg anung, anukarta rengganing rawi, winangun pinandara, mardawaning lagu, lagu lagoning macapat mamrih runtut tatatraping tembung jawi, winanguning lukita. Nihanta kan gyun winedhar mangkin angluluri carita ing kuna, sing tanah Arab wijile, marma pinurweng tembung, wit gatine kanga ran sandi, kinarya ajar-ajar, jejereng ngapunggung, nglalanti mongka panetah, ananangi nglandhepken kethuling budi, binudi nawungkrida. Dekang jinijer kandhaka riyin praja angguna gri ing Lulkiyah, ingkang umadeg pamase, bisikan mahaprabu, Ibnu Ashar narendra luwih, bagus masih taruna, bijaksaneng kalbu, putusing reh kridhaning ngrat wewekane waskitha mring agal rempit prakoswawirota. Limpat pasang ing grahita lantip bek budya yu para marteng wadya, agung dadana karyane, mring kawula sawegung, siyang ratri tansah umintir marma anma sapraja, agung ngayun-ayun marnag karyane sang nata, mongka dadya wales pasihaning gusti, myang sungkeming ngawula. Mila langkung keringan sasami, ing Lulkiyah kontab liyan praja, saking deny alus ambegke, praratu liyan suyut pamitrane anganggep gusti, samya tan wangwang nembah, mring as angsang prabu, denya tyas bek pinandhita, arum-arum ngambar ngebeki sabumi, maleg lir menyan kobar. Sru kababarsih ing marang dasih, marma dadih sami ajrih tresna, yata cinarita mangke, garwanira sang prabu, maksih Kenya ayu linuwih, atmajaning pandhita Subandini wiku, wiku wikan kawruhnyata, adhedhepok pucak wukir pandhanpuri, parap Retna Usiyah. Tuha endah tanggeh ngiribi, mring warnane kusuma Usiyah, alus jinarpa mulune, yayah rukmi ruru, dedeg madya gilig aramping, ambalut ingkang netra, imbali winangun wadana jeng narsumringah, grana rungih waja gilap ngilat dhithit lathi manggis ngarengat. Jongga angling gadhung ngrespateni, baunira lurus lir tinatar, amucuk rida rijine, sarenteg kang pambayun mayamaya amuyuh gadhing, sasolahe prasaja, sumeh semunipun tan remen ngadibusana, wantuning dyah kusumawijiling wukir, mung sengsem ulah brata. Tyas susila bekti maring laki, anoraga tatraping trapsila, srupara marta sedyane, sih sasameng tumuwuh, marma sagung parekan cethi, sadaya ajrih tresna, maring kusumayu, yata menne winursita, duk samana sira kangjeng sribupati, lagya nawung sungkawa. Dene ingkang dadya darunaning, sungkawanira srinaradipa, pulang raras lan garwane, Retna Usiyah wau, mung sapisan laju garbini, sang nata jroning driya, tanprasayeng kalbu, dinalih lamunkang garwa, dyah Usiyah sedheng silaning ngakrami, singlaring reh utama. Dangu saya ribenging panggalih, kongsi lami nata tan sewaka, wong sapraja orem kabeh, bela sungkaweng prabu, kadi tidhem tandheng dumadi, anglom semuning praja, nirkukuwungipun myang tarutarukyeh ngarang, ruru rone kadya umilya prihatin mengkana isthanira

Taksih wonten sambetipun

Kaelokan

Semahipun mas lurah Surapawira, kampung Kaprabon nalika tanggal kaping 12 wulan Mulud taun Je, 1822, gadhah anak medal jaler, dipun namakaken pun Surasman sareng aangrintenaken dinten Jumungah paing tanggal kaping 3 wulan Jumadilakir kapengker punika wanci jam 7 sonten mas lurah wau sumerep wawarnen mancorong agengipun samaja, dumunung wonten wit kalapa sakilening griyanipun cahyaning wawarnen wau ngantos anyunari pangggenan ingkang siluk-siluk satemahan dados aken pangungun ingang sami amanoni, sareng wanci tengah dalu, mas lurah surapawira malebet griya lajeng tilem dupi wanci sirep tiyang anakipun ingkang bayi wau ngalilir sarta karengkuhan pun biyang lajeng tangi, sareng sumerep anakipun sakalakung anggenipun kaget dene mukaning rare katingal mancorong kdos sasongka, ngantos angucemaken sunaring pandam ingkang wotnen salebeting griya, ciptaning biyangipun ingkang mancorong wau dipun kinten latu murub saking guguping manah lajeng anggugah anakipun jaler ingkang nama pun Kijab sarta ngusapi mukaning rare bayi wau, ananging sanadyan dipun usap usap meksa boten saged ical mas lurah surapawira lajeng tangi, sumerep anakipun kados makaten sampun gadhah panginten bilih ingang tumemplok punika wawarnen ingkang wonten ing galugu wau, lajeng kapurih nendelaken kemawo sareng byar enjing anakipun kabekta medal saking griya, dipun bunbunaken kados sabenipun cahyaning bayi saya katingal anelahi, sareng dipun waspadakaken dhaten gbpabiyungipun netraning bayi wau, kados barliyan sinarawedi, manawi diupn tingali saking ngiringan salebeting netra katingal amawa cahya, sarta kathah rurupen ingang katingalan ing ngriku, wonten ingkang sarupi alun-alun saklangkung wiyar, mawi kukuwung sawarni teja, wonten ingkang katingal warni dadamel awarni-warni, wonten warni pasareyan kathil ugi mawa cahya sumorot tuwin turongga sakalangkung pelag trekadhang katingal udyanadi, sarisari tuwin papethetan sami mawa teja sadaya, gumyuhipun tiyang ingkang sami aningali dereng nte amanoni wawarnen endah ingkang kados makaten.

Kocapa sarenig rare punika siyang dalu tansah dados titingalan sakig kawekening manahipun ingkang sepuh, rare wau lajeng dipun ungsekaken dhateng dalemipun raden mas Panji H.M. Supados sampun ngnatos dipun rubung tiyang saben dinten awit rare wau awis saged tilem sanadyan rare punika sampun wotnen dalemipun raden mas Panji H.M, ewadene dumugi sapunika para bandara ingkang sami aningali boten wonten kendhatipun ananging par alit ingkang boten kenging aningali.

Kaelokan makaen wau bilih kagagas kapanggihipun ing budi dangu sarta anggawokaken ananging sarehning gusti Allah punika maha kawasa, ayasa kukum ngadat tansah saking sulayanipun dados saged anyuthelaken pamikir ingkang panjang, walaahuaklam.

Kintunan

La embok kacobi yaya renanipun amendheta lot loterei yatra, punapa badhe wahananipun Jurugubah

Ugi kaelokan

Ing Timuran Mangkunagaran wonten tiyang calaina mripatipun kalih pisan nanging pyambakipun taksih remen birahi, manawi udheng-udhengan boten mencang-menceng sarta tamtu saenipun taptapaning wiron utawi pandameling mondholan anggigirisi, boten kawon sae kaliyan para nem-neman ingkang waras sarta ingkang ngangge pangilon ngajeng wingking.

Ing klurahan wetan ugi wonten tiyang calaina, punika baut sanget dhaten gkasukan kadosta ngaben kicik satoter, belit sapanunggilanipun manawi kasukan awis kawonipun sarta pramana sanget manawi mastani kecik galan sarta ugi remen jemparingan wah titis kerep mencokipun.

Ing klurahan kilen ugi wonten tiyang calaina, punika baut sangt kenkeran ciraka sarta kretos gangsal manawi kenekeran patraping pangedhir namung dipun abani dening renangipun lajeng dipun sipat ing tangan pangedhiripun pratitisaanget manawi kretos gangsal panitiking namanipun kertos namung dipun mek-meki kemawon sara boten nate kenging dipun balithuk dening mengsahipun.

Pun Dhegel tiyang jaler ingang sasadeyan tetedhan ing Derana ing wanci dalu, punika ugi calaina, saged aniteni arta tiron utawi boten sarta boten nate klentu pamendheting sasadeyan manawi pinuju dipun tumbasi, namung sak cekipun kemawon punapa ingkang dipun tumbas.

Wayuh sanget runtut

Lo kados pundit dene kawastaan wayuh sangt runtut mangkaten: pun Wiragala, ing Bukur Ireng Pengging dhistrik Banyudana, ingkang griyaning bojo sepuh mentas kalebetan kecu, kasebut pustakawarti kala dinten Saptu kapengekr, sarehning embok Wiragala anggenipun kataton dening druhaka, tangan miwah bathukipun ragi sangt salebetipun kausadan dening dhokter jawi, Wiragala jaler anenggani wotnen ing ngriku.

Kocapa kala dinten Akat tanggal kaping 22 wulan Januwari punika, dados antawis 5 dinten kalayan anggenipun kakecon wanci enjing embok Wiragala enem ingkang gigriya dhusun Ngaliyan sasadeyan dhaten gpeken taman kontening griya wingkng miwah griya pandhapi dipun kunci, , antukipun saking peken kinten jam 11 siyang, kontening griya pandhapi taksih kuncen sareng kawengakaken sumerep kontening griya wingking sampun menga, embok Wiragala sakalangkung kaget sareng malebet ing griya grobogipun wadhah barang sampun menga, ah: kagt kaping kalih, dupi isining grobog dipun tingali, ut gandri, yektos kasayaban barang ingkang ical warni sengkang miwh timang warni-warni, kalayan arta kumpulan 400 rupiyah, gunggung sadaya 1540: sewu gangsalatus kawandasa rupiyah, embok Wiragala lajeng anjerit anedha tulung, tangganipun sami dhateng wotnen ingkang lajeng nusul pun Wiragala jaler, ingkang pinuju nenggani estrinipun sepuh wau, wondening malebeting durjana, ambikak gedheg sangandhap talang, sareng sampun malebet ing pandhapi, lajeng ambandrek kontening griya wingking, malebetipun ing griya ambandrekibebing grobog ingkang kakunci, wedaling durjana lajeng wangsul ambikak gedheg malih, mila konteningpandhapi taksih tulus kuncen inggih punika ingkang netepi wayuh sangt rukun embok wiragala sepuh angaturi pasangan para kecu gunggung 1868 rupiyah 76 sen embok Wiragala enem amaringi tilaran dhumateng pun durjana nayab 1500 rupiyah, dados salebetipun sapeken Wiragala kalongan barang miwah arta gunggung 3408 rupiyah 76 sen.

Nahenta Wiragala jaler sarengkasusul den warahi, bilh ing griyanipun embok enem kasayaban sanalika gananganmalajeng dhateng griyaning embok enem, sasambatipun ing samargi-margi mangkaten: iya talah kok ana lalakon kaya mangkene, iki dhapure donya ora lana, drajat ora kuwat dene gonku golek aka sathithik wis pirang pirang taun ilangmung sajrone sapasar bae, rencangpun mangsuli o kyai, mulane wong urip kudu lumpuh, yen donya niku gadhuhan menek boten eling, dikasat karo sing gadhuhake kok mung jam jaman mawon bisa bebas tanpa tilas.

Kintunan

Ma spulisi kang waspados ta dhaten glalampahanpunika, hyah nek dipun taberi kados kok gumlethek niku
Jurungarang.

Pethikan

Ing bramartani ugi sampun annggyaraken bilih para durjana ing kitha Londhen kathah ingang saged angumpetaken barang warni-warni srana dipun until bang warniwarni wau kadosta: susupe, yatra tuwin sanes-sanesipun manawi kaweken ing rembug sarta badhe kacepeng, anyirnakaken lariripun barang pteng ig sanalika, punika barnag barnag wau lajeng diun until kemawon ananging barang-barang ingkang sami dipun until wau, ing sanes wanci badhe medal malih, ing samongsa durjana badhe medalaken barang ingang dipun until punika dipun saranani nedha kenthang ingkang athah, tuwan Bilrot guru ageng ing kitha WEnen ingkang sampun asring anandukaken sanjata pitulung, amedalaken barang atos atos ingkang kolu, sareng tuwan wau mireng pawartos menggah tarekahipun para durjana ing kitha Londhen wau, lajeng sanget pangalembananipun dhateng kasagedanipun pun durjana, kasagedan ingkang makaten wau lajeng katular dening tuwan Bilrot saha lajeng katandukaken dhaten gkasaenan, sanadyan kawruh punika kawruh ing durjana, ewadene wotnen prayoginipun bilih katular, awit wotnen gunanipun ingkang ageng, inggih punika samongsa wonten rare angemut yatra utawi kecil sapanunggilanipun punika keningg kadamel sarananing atutulung, ingngriku kula lajeng sumerep bilh sarananipun amedalaken barang ingkang sampun kolu wau sarana dipun tedhani kenthang welandi kemawon.

Aprapuspa

Sambetipun pethikan serat pustakaraja, anyariyosaken pambekanipun para nata binatara ing tanah jawi

Panjenenganipun nata prabu Duryudana ing Ngastina, jumenengipun kal ataun sangkala, 126 dumugi ing taun 755:

Pambekanipun Saraita, tegesipun karem ulah kaprajuritan ingkang kalampahaken dhateng par akadang miwah para kawula warga sami kawulang tingkah ing ngayuda, amaturaken aju unduring baris pratikeling gelar, sarta tatatatanig wadya bala, titi dhateng wawengkoning karaton ngatiyati lebet wedalipun kagunganing nata, manawi aganjar dumunung ing damelipun lampahing pangadilan among anindakaken danwesi asat patrapipun dana manawi anindakaken pangadilan aming kadanakaken kemawon boten mawi pamrih punapa punapa, wesi asat patrapipun manawi anindakaken paukuman boten mawi wigah-wigih, manawi sampun kaleres kokum inggih lajeng kaukum nadyan putra Santana boten sanes paukumanipun

Taksih woten sambetipun.

Narawindana

Panjurung

Katur Kyai Jurungarang.

Wonten sawenehing panewu dhistrik anyereg dhateng nyekeling dhusun katur kabupaten amargi kether ladosanipun arta rukun damel utawi botn pajagen punika mawi

kadhawuhan marnekaken arta waragading prakawis kasamekaken anggugat prakawis
sambut panewu dhistrik Mopo amargi punika arta ladosan dhaten gnagari saha dhateng
pulisi, punika ingkang leres pundit.
Katandhan pun Pawarti.

Genah sanget manawi panewu dhsitrik ingkang leres ananging mangke kadadosanipun
boten wande namung kendel dhateng sukengrekeng, badhe tanpa kawekasan
prayoginipun makaten panewu dhistrik namung ngaturna waleding ladosanipun bekel
thok thok, mangke rak inggili-inggilanipun rak lajeng rumaos dhaten gkalimputipun
piyambak
Jurungarang.